ӨЗБЕКСТАН РЕСПУЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ ЎӘЗИРЛИГИ

ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАГЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ

Тарийх-география факультети
**«Экономикалық теория» кафедрасы**

«География ҳәм экономикалық билим тийкарлары» қәнийгелигиниң 4-«б» курс питкериўшиси

**Қосуақова Камила Узақбергеновнаның**

# ҚӘНИЙГЕЛИК ПИТКЕРИЎ ЖУМЫСЫ

**Тема: «Әйиемги жәмийет дәўириндеги экономикалық билимниң раўажланыўы ҳәм оны оқытыў процессинде қолланыў»**

***Илимий басшы***: э.и.к. Торебаев О.

***Кафедра баслығы:*** э.и.к. Хожалепесов П.

Питкериў қәнийгелик жумысы «Экономикалық теория» кафедрасының 2008-ж -май мәжлисинде додаланып, жақлаўға рухсат етилди.

**Нөкис – 2008**

# МАЗМУНЫ

Кирисиў. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3 - 8

I – Бөлим. Экономикалық билимлердиң раўажланыў басқышлары.

§1.1. Әйиемги дүнья экономикалық билимлердиң пайда болыўы ҳәм дәслепки экономикалық пикирлер. . . . . . . 9-15

§1.2. Антик дунья мәмлекетлеринде дәслепки экономикалық көз-қараслар. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .16-20

§1.3.Әййемги шығыстағы дәслепки экономикалық пикирлер.20-25

§1.4 Араб мәмлекетлеринде феодализм дәўириндеги экономикалық идеялар. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .25-32

§ 1.5. Әмир Темур ҳәм Темурийлер дәўириндеги экономикалық пикирлер. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .32-35

§ 1.6. Әлишер Наўайының экономикалық көз-қараслары. . . 35-37

§ 1.7. Бердах Ғарғабай улы шығармаларында экономикалық көз-қараслар. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .38-42

§ 1.8. Классик экономикалық мектебиниң пайда болыўының тарийхый шарт-шараятлары ҳәм оның улыўма характеристикасы. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 43-51

§1.9. Физиократизм экономикалық мектеби. . . . . . . . . . . . 51-53

II Бөлим. «Экономикалық билим тийкарлары» пәнин мектеплерде оқытыў методикасы.

§2.1. «Экономикалық билим тийкарлары» пәнинен 8- класс ушын «Экономикаға кирисиў» темасын оқытыў методикасы. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .54-67

§2.2. Жуўмақлаўшы баҳалаўда билимлерин анықлаў ушын «ТЕСТ» сораўлар дизбеги. . . . . . . . . . . . . . . . .68-72

Жуўмақлаў ҳәм усынıслар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .73-75

Пайдаланылған әдебиятлар. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .76-78

# Кирисиў

Ҳәзирги ўақытта Өзбекстан Республикасының пул-кредит ҳәм финанслық жожалығы айырықша система өзгерислерин бастан кеширмекте. Кредит системасы қайта қурылып атыр. Орайлық банк ҳәм финанс-кредит институтлары ортасындағы өз-ара қамқорлық системасы жаңаланып бармақта. Банклер хызметинде де өзгерислер жүз бермекте:

- банклердиң экономикадағы орны ҳәм ғәрезсизлиги артып бармағта;
- әмелде банклердиң ўазыйпалары кеңейип, жаңа банклер аренаға келмекте;
- банк хызмети нәтийжелилигин асырыў жоллары изленбекте;
- арнаўлы банклер кәрхананың ўазыйпалары ҳәм хызмет шеңберин шегералаўдың ақыллылық жоллары изленбекте;
- бүгинги күн экономикасы ўазыйпаларына сәйкес тәризде жаңа банк нызамлары исленип шықпақта.

Келешекте базар экономикасын қурар екенбиз, биз қолдан келген имканиятлардан толығырақ пайдаланыўға мәжбурмиз. Бундағы тийкарғы мақсет – қысқа мүддет ишинде банк хызметлерин дүзиўде ҳәзирги заман жаҳан қураллары дәрежесине ерисиўден ибарат. Сонлықтан да «Экономика билим тийкарлары» пәниниң ўазыйпасы банк системаларының раўажланған финанс базарларына сәйкеслиги ҳәмде базар банк системасының пайда болыў шариятларында дүзилиўи ҳәм хызмет көрсетилиўиниң принциплерин баян қылыўдан ибарат болып есапланады. Бунда тийкарғы итибар ҳәзирги заман коммерциялық банки хызметиниң әмелий ҳәрекетлерине, банк хызметиниң заманогой усылларына қаратылады.

«Экономика билим тийкарлары» пәни қәнийгелерди таярлаў системасында үлкен әмелий әҳмийетке ийе. Бизге мәлим, банклер түрли, ҳәр тәреплеме ўазыйпаларды орынлайды ҳәм өз-ара ҳәмде басқа субъектлер менен беккем байланысларға кириседи. Сол

мүнәсебет пенен «Экономика билим тийкарлары» курсын оқытыўда тәртипли рәўиште жақынласыў лазым болады. Сол ушын, банклердиң пул-кредит ҳазыйпалары экономикалық процесслер менен қуралсыз байланыста екенлигин көрсеткен ҳалда түсиндириледи, банк хызмети ҳәм банклер системасының қурам бөлеклери (элементлери) өз-ара жәрдемлилигиниң анализи бериледи.

**Бул пәнниң ўазыйпасы** мектеп оқыўшыларына ҳәм оқытыў-шыларына банк исин(хызметин) дүзиў ҳәм оның усыллары, банк операцияларының экономикалық мазмуны, олардың пул машқа-ласына болған тәсири ҳаққында анық пикирлер ҳасыл етиўден ибарат. Ислеп шығарыўды хошаметлеў, товарларды сатыў ушын керекли болған шариятларды жаратыў ҳәм улыўма бул бағдардағы жумыслардың нәтийжелилигин асырыўға анық билимлер бериўден ибарат. Буннан тысқары, бул пәнниң және бир ўазыйпасы улыўма тәлим бериў мектеп, кәсип-өнер колледжлери, академиялық лицей ямаса жоқары оқыў орынларын тамамлағаннан соң жақсы билимге ийе болған, өзинше пикир-леўши, ғәрезсиз иске кирисе алатуғын ҳәм ойлап-өлшеп ис тутатуғын, тәўекел етиўге таяр болған ҳәзирги заман талабына жуўап беретуғын келешек банк хызметкерлерин таярлаў болып есапланады.

Бизиңше «Экономика билим тийкарлары» пәниниң курсы тийкарынан туўры дүзилген. Себеби, оқыўшылар әсте-ақырын «Банк», «Банклердиң ўазыйпалары», «Базар», «Бәсеке» ҳәм тағы басқа сыяқлы әпиўайы түсиниклерден базар - пул машқаласы нызамлықларын тәртипке салыўшы механизмлерди үйрениўге өтеди ҳәм кейин ала болса, жоқары мәдениятлы банк хызметкери ушын керекли зәрүр болған әмелий билимлерди ийелейди. Сол себепли дәстүрдиң төмендеги берилген дүзилисинеүлкен итибар бериледи ҳәм усыныс етиледи.

Бул пәнниң курсын оқытыўда келеси избе-изликте: лекция, се-минар ҳәм әмелий сабақлар бирлигинде қуралған болып, әпиўайы ҳәм анық мысаллар шешиў, хожалық жағдайлары ҳәм оларды әмелге асырыў жолларын анализ

етиў, топар ҳәм жеке тәртипте консультация, сынаўлар, тестлер өткизиўди көзде тутылады.

«Экономика билим тийкарлары» пәнининң мазмуны орта мектептиң 8 -9 классларында ҳәм арнаўлы банк класслары ушын
9, 10 ҳәм 11–ши классларына өзлерининң ДТС ке сәйкес оқыў жобаларына ийе.

**«Экономикалық билим тийкарлары» пәнининң мақсети, ўазыйпалары.**

Өзбекстан Республикасының «Тәлим туўрысында» Нызам ҳәм «Кадрлар таярлаўдың миллий дәстүри» де оқыў мекемелери профессор-оқытыўшылары алдына қойылған ўазыйпалардан бири үзликсиз тәлим дизиминде оқытылып атырған пәнлер бойынша заман талабына жуўап беретуғын дәстурлер, оғыў әдебиятлары, сабақлықлар, оқыў ҳәм оқыў қолланбалар менен тәмийинлеўден ибарат.

Усы мақсетте республикамызда барлық пәнлер қатары «**Экономикалық билим тийкарлары»** пәнинен жоқарыда көрсе-тилгенлер жаңадан таярланып оқыўшыларға жеткизилмекте. Пәнниң тийкарғы мақсети базар экономикасы теориясы ҳәм әмелияты тийкарларын терең уйрениўден ибарат. Экономикалық нызамлықлар, мүлк ҳәм мүлк қатнасықлары, өндиристи, базар экономикасының мәниси ҳәм принциплери, базар ҳәм оның түрлерин, пул ҳәм пул қатнасықлары ҳәм басқада экономиканың тийкарғы машқалаларын анализ етиў ҳәм оны шешиў жолларын анықлаў жолларын табыў пәнниң тийкарғы уазыйпасы есапланады.

**Оқыўшылар билимлерине қойылатуғын талаплар:**

Оқыўшылар «**Экономикалық билим тийкарлары»** пәнин оқыў процессинде өзлериниң экономикалық саўатлықлары асырыўлары, беккемлеўлери ҳәм алған теориялық билимлери тийкарында Өзбекстан Республикасының келешекте умит еткен саўатлы, билимли, исбилермен, басшылары, менеджрлери болып жетилисиўлери шәрт. Оның ушын ҳәр

бир теориялық ҳәм әмелий сабақлардға таярланып келип оқытыўшылар менен сораў-жуўап, диспутларқа қатнасыўлары шәрт ҳәм оларға қойылатуғын талаплар төмендегилер:

- Өзбекстанның базар экономикасына өтиў зәрүрлиги ҳәм принциплери;
- Экономикалық нызамларды терең анализ қыла алыў;
- Мүлк түрлери ҳәм мүлк қатнасықлары;
- Мийнет қатнасықлары;
- Базар экономикасының мәниси ҳәм оның түрлери;
- Исбилерменлик субъектлериниң хызметлери;
- Халық аралық экономикалық қатнасықларды өзлестириў ҳәм анализ қыла алыўы керек.

Сондай-ақ жумыссызлық дәрежеси, инфляция ҳәм тутыныў баҳалары индекси, салық ставкаларын есаплай алыўлары, адамлар қәрежетлерин ҳәм дараматларын есаплай алыўы зәрүр.

**Пәнниң басқа пәнлер менен байланыслығы:**

Бул пән басқа барлық экономикалық пәнлер, атап айтқанда: микроэкономика, макроэкономика, салық ҳәм салыққа тартыў, менеджмент, маркетинг, исбилерменлик, киши ҳәм орта бизнес тийкарлары, әмелий экономика, финанс, валюта-кредит қатнасықлары пәнлери менен тығыз байланыслы. Сондай-ақ тарийх, статистика, математика, экономикалық география пәнлери менен үзликсиз байланыста раўажланып барады.

**Пәнди оқытыўда қолланылатуғын қураллар:**

**«Экономикалық билим тийкарлары»** пәнин оқытыўда экономикаға тийисли плакатлар, графикалар ҳәм сызылмалар, ҳүкимет тәрепинен шығарылған қарарлар ҳәм нызамлар topламы, фермер хожалығы ҳүжжетлериниң үлгилери, ҳәмде интернет тәрепинен алынған жаңалықлардан кеңнен пайдаланыўды усыныс етиледи.

## I – Бөлим. Экономикалық билимлердиң раўажланыў басқышлары.

### §1.1. Әйиемги дүнья экономикалық билимлердиң пайда болыўы хәм дәслепки экономикалық пикирлер.

Экомикалык тәлийматлар тарийхы курсы экономикалық пәнлер арасында белгили орынды ийелейди. Адамзат өзиниң көп мың жыллық тарийхы даўамында үлкен экономикалық хәм социаллық раўажланыў жолын басып өткен. Хәр бир дәўирде анаў яки мынаў мәмлекетте айрым шахслар (адамлар, алым яки ҳакимлер) тәрепинен экономикалық әҳмийетке ийе пикир, идеялар, концепциялар, әмелге асырылған хәм усылардың нәтийжесинде мәмлекет хәм халықлар гүлленип хәм раўажланып ал айырым ўақытларда кыйыншылықларға да ушырап турған.

Усы экономикалық пикирлерди ҳәр тәреплеме үйрениў, талқылаў олардың арасында улыўмалық характерге ийе болғанларын ажыратып алып, турмысқа асырыў теориялық жақтан да, практикалық жақтан да үлкең әҳмийетке ийе. Себеби оларда көп жыллық тәжрийбелер топланған. Экономикалық тәлийматлар тарийхы пәниниң предмети бул анаў яки мынаў класслар, социаллық қатламлардың мәплерин сәулелендириўши экономикалық идеялардың пайда болыўы, раўажланыўы гүреси ҳәм алмасыўының тарийхый процесси болып есапланады. Бул пән барлық экономикалық, экономерика ҳәм Экономикс пәнлери менен тығыз байланыслы, айрым жағдайда оны экономиканың тарийхы деп те атаўға болады. Бирақ экономикалық теория капиталистлик ислеп шығарыў қатнасықларының(өндирис қатнасықларының) қәлиплесиў дәўиринде жүзеге шықты ҳәм усы системаның экономикалық раўажланыўының нызам ҳәм нызамлықларын үйренди. Экономикалық тәлийматлар тарийхы болса бир қанша кең дәўирди өз ишине алады ҳәм өз алдына ғәрезссиз ҳәрекетке ийе. Бул пәнди үйрениў арқалы экономикс, халық хожалығы тарийхы ҳәм экономикалық консепциялар және де анық бир экономикалық предметлерди өзлестириў аңсатласады. Анаў яки мынаў

экономикалық өзгерислердиң шараятларын ҳәм ақыбетин талқылаўға көп жәрдем береди. Экономикалық тәлийматлар тарийх пенен тығыз байланыслы (П.Самуэль-сон). Мысалы, бизге бүгинги күни жаңаша болып көринген базар экономикасы ҳаққындағы пикирлер буннан 200 жыл бурын айтылған ҳәм толық түсиндирип, дәлилленген(А.Смиит). Базы бир экономиикалық идеялар болса әййемнен белгили. Оларды үйрениў ҳәм турмысқа асырыў жақсы нәтийжелер береди. Американы қайтадан ашыўдың кереги болмайды. Экономикалық тәлийматлар тарийхын үйренгенде мәлим бир дәўир системасынан пайдаланады.

Ҳәзирше ең мақул болған усылы социаллық экономикалық формациялардың өзгериўине қарай ис жүргизиў. Себеби қайсы формация үстем болып, басқарыўды әмелге асырған болса, (мәселен қулшылық ямаса капитализм) сол дәўирге тән жәмийеттиң класслық дүзилиси, экономикалық мәплери ҳ.т.б. пайда болады. Қулшылық ҳәм феодализм дәўиринде идеялардың тарқалыўы (миграциясы) жүдә қыйын болған. Соның ушын бул дәўирлердеги экономикалық пикирлерди мәмлекетлердиң шегарасында айырып үйренген мақул болады.

Капитализм дәўиринде хожалық ҳәм социаллық турмыста интернационализм күшейгени себепли экономикалық пикирлердиң раўажланыўы ҳәм өз алдына жалғыз дунья жүзилик процесске айлана баслады. Нәтийжеде классик буржуазиялық экономика-лық теориясының тийкарын салыўшылар А. Смит ҳәм Д. Рикардоның көз-караслары дунья жүзине тез тарқала баслады. Ал олардан алдыңғы көплеген теориялар айырым мәмлекетлерде көпшиликке тарқалмастан, «**өли**» товар түринде жатқан.

Экономикалық идеялар адамзат пайда болыўы менен басланған, бирақ ҳәзирги ўақытта қолжазбада сүўретленген идеялар ғана талқыланған. Сол себепли экономикалық тәлийматлар тарийхы қулшылық жәмийети пайда болыўы менен байланыслы.

Дәслепки қулшылық жәмийети Шығыста класслық ажыралыў басланған жерлерде месопатамия (Тигр ҳәм Евфрат дәрьялары арасында) ҳәм Египетте бизиң эрамызға шекемги IV мың жыллықта жүзеге келген. Буған тийкарғы себеби, бул жерде технологиялық революция жүз берди, металл қураллар ислетиле баслады, аўыл хожалығында интенсив, көп жерлерде суўғарма дийханшылыққа өтти, ҳәм қосымша өним алыў мүмкиншилиги туўылды. Нәтийжеде мийнетти бөлистириўди раўажландырыўға, көплеген тараўлардың ажыралып шығыўына, класслардың айрылыўына түртки болды. Усы дәўирде қосымша өним алыўдың тийкарғы усылы Азияда жәмийетке бириккен дийханларды эксплуатациялаў ушын енгизилген рента салығы болса, Европада қулларды аяўсыз жумсаў менен көп байлық арттырылған. Бизге жетип келген ең әййемги қол жазбада (әййемги Египет б.э.ш. XXII асир эксплуататор ҳәм турғынлар арасындағы қарым-қатнаслар ҳаққында сөз етилген.

Әййемги Египеттен Месопатамияның өзгешелиги онда жеке меншик ҳәм товар пул (ақша) қатнасына тийкарланып тез раўажланыў характерли. Б.э.ш 18 асирде Вавильонда (1792-1750) патшалық еткең Хаммурапидиң нызам топламлары дыққатқа ылайық. Бул топлам 1901-1902-жылларда (Суза қаласында архео-логиялық қазыў ўактында табылған). Бунда мәмлекеттиң класслық
ҳәм социаллық тәрептен бир қанша жетискенлиги көринеди. Биз ушын меншик ҳәм оның түрлери улкен әҳмийетке ийе. Нызамда күшлилер ҳәлсизлерди қыспаўы, шеклениўи керек деген қағыйда бар. Мысалы, қарыздар болғаны ушын жерлерин сатыў ямаса тартып алыў қадаған етилген, сутхорлық шекленген пул түринде 20%, ал, натурал түринде 30% тен артпаўы керек. Қулларды болса қарызының есабынан 3-жылдан артық услап турыўға ҳеш кимниң ҳақысы болмаған.

Ҳиндистанда экономикалық идеяларды сүўретлеўши естелик бул әййемги Артхашастра (б.э.ш. VIII э). Бул естелик Чандра Гулта-I патшалық еткең дәўирде жазылган. Онда қулшылықты жетилистириў беккемлеў

тийкарғы ўазыйпа етип қойылган. Бул әсирде буйымның қуны мәселеси көтерилген қун муғдары ис күнлери менен белгиленген, бөлистириў болса мийнеттиң нәтийжесине сәйкес түрде белгилениў керек делинген. Бул әсирде мәмлекетти басқарыў бойынша усынıслар берилген(Каутилье патшасының кеңесшиси) болып, бир қанша экономикалық пикирлер ортаға қойылған, онда базар баҳасы ҳәм қуны арасындағы айырмашылық(парқ) товарға талап күшейген сайын баҳасының артыўы мүмкин деген пикирлер айтылған.

Финанслық салада дәрамат салығына үлкең итибар берилген. Мәмлекет базыбир ислерди раўажландырыў ушын материаллық
ҳәм моральлық жақтан жәрдем бериў керек деген. Өнимге баҳа белгилеў, мәмлекеттиң байыўын тәмийинлеў(пайдасын арттырыў, шығынды азайтыў) есап-санақты тәртиплестириў ҳәр қыйлы урлықларға қарсы гүресиў кереклиги белгиленеди. Усы принциплерди әмелге асырыў менен жәмийетте наразылық, теңсизлик жоғалады дейилген.

Әййемги Қытайда экономикалық идеялар бизиң эрамызға шекемги VI-VII әсирлерде пайда болды. Бунда Конфуцийлик идеясы айрықша әҳмийетке ийе. Оның қатары Конфуцый яғный Кунцзи (б.э.ш. 551-479-ж). Ол **"Луна" (Ай)** атлы топламында раўажланыўды өтмиштен излейди. Бул идеялар кейин ала Кен-цзи (312-289), Сан-Цзи (313-238) ҳ.т.б. тәрепинен даўам етилди. Бунда жаслардың үлкенлерди ҳурметлеўи, оларға қарсы шықпаў кереклиги негиз етип алынған.

Сюнь-Цзи мәмлекеттиң экономикалық күшейиўиниң тәреп-тары еди, адамлардың байлыққа умтылыўы қадаған етилмеген, олар тек нызам тийкарында ҳәрекет етсе болғаны деген.

Мәмлекет 3 -тийкарғы принципке тийкарланыўы керек:

1. Қәрежетлерди үнемлеў яғный ойланып тежеп сарыплаў.
2. Халықтың тоқлығын жақсы жасаўын тәмийинлеў.
3. Артықша өнимлерди сақлаў зәрүрлиги.

Басқарыў мәлим бир нызам тийкарында емес, ал әпиўайы

әдетлер, дәстүрлер бойынша болыўы, аўыр салықлар ҳәм мәжбүр-леўлер болмаўы керек деп талқыланган. Бизиң эрамызға шекемги VI-VII әсирлерде Легистлер ағымы пайда болды. Олар басқарыў анық нызам тийкарында(әпиўайы үрип-әдетлерге қарсы) алып барылыўының тәрептарлары еди. (Ўәкиллери: Цзи-Чан, Ли-Куй), Легистлер(Ман-Ян). Әсиресе аўыл хожалығын, дийханшылықты раўажландырыўға көп итибар берген. Дән мәселесин шешиўди бас мәселе деп билген. Ман-Ян ның пикиринше мәмлекеттиң жетилисиўи ушын еки мәселени шешип алыўы керек. Дән ҳәм урыс(әтирапындағы жерлерди басып алыў) дийханлардың санын алыў, нызам тийкарында жыйналған дән муғдарына қарай тек бир жыллық салық системасын киргизиў усынылған.

Әййемги Қытайдың тарийхында даосизм (айқын-жол) идеялары жетекши орынды тутады. Оның тийкарын салыўшы Лао-Цзи болып, ол Конфуцый жасаған дәуирде жасаған. Лао-Цзи нызамның көплиги халықтың кәмбағалласыўына алып келеди деген. Даосизм пикиринше (Конфуцийликке қарсы) инсан, адамзат әпиўайы тәбийғый турмыс кешириўге қайтыўы керек деген.

## §1.2. Антик дунья мәмлекетлеринде дәслепки экономикалық көз-қараслар.

Жоқарыда айтылғандай антик дунья мәмлекетлеринде қул ийелеўшилик классик түрде раўажланған.

Әййемги Грецияның социаллық-экономикалық турмысының ҳәмме салаларында қулшылық тиккелей өндириўши, ислеп шығарыўшыларды эксплуатациа қылыўдың негизине айналған еди. Ең дәслепки экономикалық идеялар Гомердиң "**Илиада**" ҳәм "**Одиссея**" поэмаларында жазылған болып, бунда экономикалық натурал хожалық концепциясы алға шықты.

Аристотель Әййемги Грециядағы қул ийелеўшилердиң ең ири ўәкили болған, оның экономикалық идеялары Никомахов этикасы ҳәм "Сиясат этикасы" ҳәм "Сиясат" китапларында айтылған. Ол "Қул-тири қурал", "Қандайда тири мүлик" деген. Оның пикиринше жәмийеттиң қул ҳәм қул ийелеўшилерге бөлиниўи бул әпиўайы бир процесс болып, ол адамлардың тәбиятының ҳәр түрли болыўына байланыслы. Қул ийелеўшилик хожалықты беккемлеў ушын орташа тәмийинленген, қул ийелеўшилер классын кеңейтиў керек, буның ушын мәмлекет тәрепинен әдил алмасыўды тәмийинлеў керек дейди. Товарлардың алмасыў қуны товар баҳасының жаратылыў түри екенин түсинди. Аристотель Платонға қарағанда ақшаның
әхмийетин кеңирек, тереңирек түсинди. Бирақ ол товар өндириўдиң раўажланғанлығын ҳәм қунды толық түсинбегени ушын товарлар бир-бири менен салыстырылыўы мүмкин емес деген қәте пикирге келди. Әййемги Римде қул ийелеўшилик қатнаслары өзиниң ең жоқары шыңына жеткен. Римниң басқа жерлерди басып алыў ушын жүргизген урысларының арасында ири империя жүзеге келди. Ондағы өзине тән қәсийети, егер Грецияда қуллар өнерментшилик ҳәм саўдада езилген болса, Римде тийкарынан аўыл хожалығында эксплуатацияланған. Өндиристиң қул ийелеўшилик усылындағы қарама-қарсылықлар
ең кескин түрине енди ҳәм ақыбетинде колониалшылықтың пайда болыўына алып келди. Халықтың кәмбағал қатламлары әсирлер даўамында жерге ийелик етиў ушын гүреслер алып барды. Бул гүреслер Римниң экономикалық идеяларына тәсир етпей қалмады. Қулшылыққа тийкарланған Билла ҳәм Латифунциядан рационал пайдаланыў машқалалары бас мәселеси еди.

Катон старший (б.э.ш. 234-149 ж.) ири жер ийеси болған. Ол **“Дийханшылык”** деген шығармасында қуллыққа тийкарланған натурал хожалықтың бир тәрепин алды. Ол тек артықша өнимди сатыў керек,

хожалықта өндириў мүмкин емес болған нәрселерди сатып алыў зәрүр деген идеяны қолланған.

Цицерон Марк Тулий (б.э.ш. 106-43 ж.) белгили мәмлекет-лик искер болған. Ол жасаған дәўирде мәмлекет бир қанша орайласқан болып, саўда сатық өсти, сүтқорлық байыўдың аңсат жолына айналды. Цицеронның басқалардан айырмасы ол қул ийелери менен бирге саўдагер ҳәм сүтқорлардың тәрепин алды.

Қул ийелеўшилик дизими бузылып тарқап кетиў дәўир-инде Римлик агрономлар Барон(б.э.ш. 116-27 ж.) ҳәм Люнаций Колумелла қул ийелеўши хожалығын нәтийжели алып барыў машқалаларын шешиў жолларын изледи. Барон өзиниң **"Аўыл хожалығы ҳаққында"** деген китабында бул тараўдың әҳмийетине үлкен итибар берип, аўыллардан қалаға келиўге умтылыўларды қаралайды. Ол дийханшылық пенен шарўашылықты бирге раўажландырыўды мақул деп тапты. Бунық себеби Италияда дән арзан, шарўашылықтың пайдасы болса жоқары болған. Соның менен бирге Бароның пикиринше ҳәр бир хожалық өзин-өзи тәмийинлеў керек деген, ол базар қатна-сықларына кең итибар берген. Ол қулларды эксплуатациялаў тәрептары болған ҳәм оларды "**сөйлейтуғын қураллар**" деп атаған. Ол қулларды сиясий жақтан қәўипли екенлигин түсинген ҳәм бир миллеттеги қулларды сақламаў керек деп .

Колумелла өзиниң аўыл хожалығына тийисли үлкен шығармасында қуллардың мийнет өнимдарлығының төменлигин айтады. Қуллар жерде жақсы ислемейди, оның жоқары зүрәәт бериўи ушын қайғырмайды дейди. Еркин майда өндириўшилердиң мийнетиниң қуллардыкине қарағанда жоқары болатуғынлығын дәлийиллеп, қул ийелеўшилик латифунцияларға қарағанда майда дийханшылық пайдалы деп есаплады. Қуллар илажы болса жерде ислемеўге умтылған. Колумелла бундай жерлерди еркин колонияларға болип бериў керек, сонда өнимдарлык жоқары болады деп дурыс шешимге келеди.

Қул ийелеўшилик дүзилисинде ишки қарама-қарсылықлар кем-кем өсти, ҳәм қуллар көтерилиси, қозғалысы жүз берди.

Спартак басшылығындағы қуллар көтерилиси (б.э.ш. 73-71 ж) тарийхта үлкен әҳмийетке ийе. Луций Сергей Каталина (б.э.ш 63.62 ж) кәмбағаллар арқасында ҳакимиятты ийелеп ҳәм байы-мақшы болды, бирақ ҳәрекети зая кетти. Луций Анний Сенака (б.э.ш. 65 ж) қул ийелеўшилик сиясатының қәўпин түсинди ҳәм қуллар менен жумсағырақ қатнаста болыўды усынады олардың да (еркин) азат адамлар екенин тән алды. Усы дәуирде (колония-ллықтан) крепостнойлыққа өтиў күшейди. Усы ўақытларда (I әсирдиң 2-ярымында) жаңа диний қатлам, ағым-христианлық пайда болды.

Дәслепки христианлықлардың экономикалық идеялары, Августин-Блажений (353-430 ж.) шығармаларында берилген. Ол ҳәмме мийнет етиў керек, ислемеген тислемейди (Апотол Павел пикири) идеясын алға сүрди, дийханшылықтың ең мақтанышлы кәсип екенин айтады, ал саўданы тек пайда алыў ушын исленетуғын ис деп қаралайды). Килоднын V әсиринде қул ийелеўшилик дүзими феодаллық дүзим менен алмасты. Феодализм жәмийети ири жер ийелери ҳәм майда өндириўшилер дийханлардың бирге ислесиўине тийкарланған. Шығыс мәмлкетлеринде феодаллық қатнасықлар III-VIII әсирлерде қәлиплесе алды. Бул жерлерде қуллардың мийнети, оларға болған қатнас жеңилленди.

### §1.3. Әййемги шығыстағы дәслепки экономикалық пикирлер.

Ең биринши экономикалық пикирлер эрамыздан бир неше әсирлер алдын Әййемги Шығыстың Бабил(Вавилион), Мыср, Ҳиндистан, Қытай, Иран ҳәм Туран сыяқлы цивилизация орталығы болып есапланған жерлерде пайда болған. Кейинала, бул пикирлер антик Греция ҳәм Римде дөретиўшилик жағынан раўажландырылған. Әййемги дунья экономикалық пикирлери мәкан ҳәм заман тәрепинен үлкен айырмашылыққа ийе болса да, оларды бир бағдар сыпатында қараўға мүмкиншилик бериўши тәреплери көп: олардан ең тийкарғылары

экономика пәнинде кең қолланылып келинген көп атамалардың биринши болып ортаға тасланғанлығы, мәмлекеттиң экономикалық сиясаты ушын дәслепки бағдарлар берилгенлиги, көплеген экономика-лық машқалалардың ортаға тасланғанлығы менен әҳмийетли.

Дүнья жүзи цивилизациясының орайларынан бири болған Вавилонда эрамыздан алдыңғы XVIII әсирде дәслепки экономикалық пикирлер «**Хаммурапи нызамларында»** пайда болған. Барлығы болып 282 нызамнан ибарат бул топламда меншик мәселелери өндирис, мийнетсиз дәраматлар ҳәмде қарыз ҳаққында қызықлы пикирлер илимий тәрептен көрсетип берген.

Әййемги Ҳиндстанда эрамыздан алдыңғы IV – III әсирлерде жазылған «**Ману нызамлары»** ҳәм «**Артхашастра»** шығармаларында жәмийетлик мийнеттиң бөлистирилиўи, қун мәселелери, мәмлекеттиң экономикаға араласыўы, салықлар ҳәм финанс усаған бир қатар түсиниклер келтирилген. Бул шығармалардың авторы **Каутилья Вишнугупта** пайданы шығынлар қурамына киргизген ҳәм оны шегералаўға ҳәрекет еткен – жергиликли халық ушын оны 5 процент ҳәм шет ел пуқаралары ушын 10 процент етип белгилеген.

Дәслепки экономикалық пикирлер әййемги Қытайда кең тарқалды. Эрамыздан алдыңғы IV – III әсирлерде де бул мәмлекетте бир қанша тәлийматлар жүзеге келген. Булар арасында әсиресе, Конфуцийлик пикирлер әҳмийетли орын тутады. Оның тийкарын салыўшы **Конфуций (Кун-Цзи)** болып, ол эрамыздан алдыңғы 551-478 жылларда жасап өткен. Ол «**Сәўбетлер ҳәм пикирлер»** шығармасында өз пикирлерин баян еткен. Конфуций тәлийматларында меншик формалары ҳәм байлықтың дереклери усаған әҳмийетли тәреплерге үлкен итибар берилген.

Әййемги Қытай илимпазларынан **Сюнь-Цзи (эрамыздан алдыңғы 313-278ж.**) мәмлекеттиң экономикалық сиясаты ҳаққында терең пикирлер билдирген.

Мәмлекеттиң экономика менен байланыслы хызмети ҳақ-қында жүдә ерте пикир жүргизилип келинген. **Сюнь-Цзи** мәмлекеттиң экономикалық сиясаты 3 принципке тийкарла-ныўын көрсетип берген.

Булар:

1. Шығынларды үнемлеў, яғный тежеп сарплаў;
2. Халық тоқлығын(параўанлығын) тәмийинлеў;
3. Артықша өнимлерди сақлаў.

**Зарostризм** үстемлик еткен территорияларда(мәселен, Исламға шекем болған Азияда) **«Авесто»**(эрамыздан алдыңғы 2 мың жыллықлардың ақыры) тәлийматы тек ғана социал турмысты емес, ал экономикалық тәреплерди өз ишине алған ҳәм өзиниң күшли тәсирин тийгизген. Бул тәлиймат тәлим-тәрбия мәселелери менен бир қатарда, шарўашылықты кеңейтиў, ғәллешиликке итибар бериўди, яғный материаллық өндирис ҳәм

оның инсан жәмийети турмысындағы орнын көрсетип берген. Эрамыздан алдыңғы 2–1 мың жыллықта экономикалық турмыстың раўажланыўы, класслык қулшылықтың ҳәўиж алыўы ҳәм оны асырап қалыўға умтылыў әйиемги Грецияда бир қатар илимий пикирлерди келтирип шығарды. Экономикалық бағдарда бул тәлийматларды алға сүрген илимпаз-алымлар қатарында әсиресе **Ксенофонт** (шама менен эрамыздан алдыңғы 430-354 жыллары), **Платон** (шама менен эрамыздан алдыңғы 427-347 жыллары) ҳәм **Аристотел** (эрамыздан алдыңғы 384-322 жыллары) тәреплеринен айтылған пикирлери дыққатқа ылайық. Биз көп пайдаланатуғын **ҒЭкономияҒ** түсиниги Ксенофонттың шығармасының бас атамасы болып, ол грек тилинен алынған, қарақалпақ тилине аўдарғанда «**ойкономия» - «ойкос»** - үй, хожалық ҳәм «**номос»** - нызам, яғный «**үй хожалығы нызам – қағыйда»** мәнисин аңлатады.

Грек алымы **Ксенофонт** хожалық жүргизиў хызметин - пайдалы буйымлар дөретиў процеси, яғный тутыныў қунларын дөретиў деп билген. Усы бағдарда биринши болып, мийнеттиң бөлистирилиўиниң

әҳмийетин түсиндирип берген. **Ксенофонт** натурал хожалықты қоллап қуўатлайды. Ол мийнеттиң бөлис-тирилиўи, өнимниң алмасыў қуны бойынша көплеген анық пикирлер билдиреди.

**Платон** өзиниң «Мәмлекет ҳәм нызамлар» шығармасында идеал мәмлекет ҳаққында айтып, адамларды **3 категорияға: философларға, әскерийлерге ҳәм меншик ийелерине** бөледи. Оның мийнет бөлистириўи, товар, ақша ҳаққындағы пикирлери итибарға ылайық.

Искендер Зулқарнайдың (Александр Македонский) устазы болған **Аристотель** өз шығармаларында экономикалық пикир-лерди көплеп келти-реди. Ол тарийхта биринши болып, алмасыў қунын изертледи ҳәм **қунның мийнет теориясын** жаратты. **Аристотель «ҳақыйқый байлық»** деп, тутыныў қунларының жыйындысын түсинген. Ол биринши болып, алмасыў қунын изертлеген (**1 қой – 100 балық**). Алымның экономика қандай пән екенлиги ҳаққындағы пикирлери де дыққатқа ылайық. Ол, **экономика дегенде, турмыс кешириў ушын зәрүр болған өнимлерин(тутыныў қунларын) өндирис пенен байланыслы болған тәбийий хожалық хызметин түсинген.**

Әййемги Римде (Италияда) экономикалық пикирлердиң тарқалыўы қулшылық жәмийетиниң қулаўы дәўирине туўра келеди. **«дийханшылық»** шығармасының авторы болған **Катон (**эрамыздан алдыңғы 234-149 жыллары) натурал хожалықтың тәрепдары болған. Усы менен бирге, ол артықша өнимди сатыў ҳәм керекли буйымларды сатып алыўға ийтермелеген, яғный

базардың зәрүр екенлигин тән алған.

**Аға-ини Тиберий** ҳәм **Гай Гракхлар** тарийхта биринши ири аграр реформашылар сыпатында өз пикирлерин баян еткен ҳәм бул жолда жанларын да аямаған. Буның арқасында әййемги Римде жеке меншикке айналған жерлер де пайда болған.

Әййемги Рим алымларынан **Люций Колумелла (I-әсир**) ҳәмде **Люций Аней Сенека** мийнеттиң өнимдарлығы ҳаққында пикир жүргизип, қол мийнетин жеңиллетиўге ҳәм соның себебинен нәтийжелирек хожалық жүргизиўге ҳәрекет еткен.

## §1.4. Араб мәмлекетлеринде феодализм дәўириндеги экономикалық идеялар.

Дәслепки феодаллық қатнасықлар ҳәм усы дәўирдеги экономикалық идеялардын тийкары **«Қуранда»** көринди (VII-VIII э).

Ҳадис китапларында да экономикаға байланыслы көплеген пайдалы пикир ҳәм түсиниклер келтирилген. X-XII әсирлерде орта Азия алдыңғы социаллық идеологияның Шығыстағы ири орай-ының бирине айланды. Бул дәўирде дуньяға танылған Фарабий, Ибн Сино, Беруний, Юсуп Хас Хожиб ҳ.т.б. көплеп илимпазлар жасап дөретиўшилик қылған. Шығыстағы бул алымлар сол дәўирдеги коммерция, меншик ҳәм өнер сырларын баян еткен. Олардың айрымлары елеге шекем өз әҳмийетин жойытпаған.

Ибн Синоның (9930-1037) пикиринше: ҳайўанлар табияттың мийўелерине қанаатланады, ал адамларға болса тәбият мийўелери кемлик етеди, ол аўқат, кийим-кеншек ҳәм үй жайға зәрүрликти сезеди. Ҳайўан тәбият өнимлерин пайдаланады, адам болса солардан аўқат, кийим-кеншек, жай ислеп алады. Усы мақсетте адам дийханшылық ҳәм өнерментшилик пенен шуғыллыныўы керек.

Юсуп Хос Хажиб «**адамға пайдасы тиймейтуғын адам - бул өли, ал қуры өтетуғын өмир - бул өмир емес, қуры заяланған мийнет»** дейди.(1069 ж).

Шығыста экономикасының илгерлениўинде ойшыл Ибн Холдун Абдурахман Абу Заидтиң(1332-1408) үлеси көп. Ол дәслеп бирге ислеп шығарыўға үлкен итибар берген, жәмийет материал-лық өним ислеп шығарыўшылардың жәмийетинен турады, дейди.

Ибн Холдун Амир Темур менен ушырасқан  ҳәм оның менен сөйлесип идеяларын еситкен.

Феодал жәмийети дәўирине келип, илим ҳәм техниканың бир қанша өсиўи ҳәм соның тийкарында жәмийетлик өндиристиң раўажланыўының себебинен экономикалық пикирлер әлеминде де үлкен өзгерислер жүзеге келди. Феодал жәмийетиниң дәслепки басқышында, Араб, Шығыс мәмлекетлеринде Ислам дининиң тарқалыўы, оның экономикалық пикирлериниң әҳмийети жүдә үлкен болған. Исламның экономикалық пикирлери мусылманлардың муқаддес китаплары «**Қураный Кәрим»** де (610-632 жыллары арасында), «**Ҳәдислерде»** ҳәм басқа атақлы шығармаларда баян етилген.

«**Қураный Кәрим»** де саўдада ҳадал ҳәм әдалатлы ис жүргизиў, саўда ҳәм исбилерменликтен пайда алыўда инсапты умытпаўға айрықша әҳмийет берилип, сүтхорлық, басқалардың ырысқысына қыянет етиў қараланған. Бул китапта қарыз бериў, садақа берип турыў пикирлери меншиктиң тутқан орны ҳәм оған қыянет етиў - кеширилмес гүнә деп айтылған. Китапта кәсип таңлаў, оны ийелеў, пайдалы мийнет етиў арқалы өмир кешириўди үйрениў ҳәм соның менен бир қатарда мийнет - ҳәр бир инсан ушын жақсы жасаўдың дереги деп үйретилген. Және муқаддес «Қураный Кәрим» де инсанлар бар өнимлерден дурыс пайдаланыўы, саҳаўатлы ислер ислеўи экономикаға әдалат көзи менен қараўы, ҳадал болыўы, ашкөзлик ҳәм әдалатсызлықтан қашыўы шәрт екенлиги де айтылған. Инсаният басып өткен узақ жол - мийнет ҳәм дөретиўшилик жолы болып келген, соның ушын адамлар ҳәр қашан мийнетти қәдирлеген, жасларды мийнет сүйгиш етип тәрбиялаўға итибарды күшейтиўи зәрүр болған. Бул әлбетте тәрбияға байланыслы. Сол себепли, «**Билимлендириў ҳаққында»** ғы нызамда, «**Кадрлар таярлаўдың миллий дәстүринде»** ҳәм Өзбекстан Республикасында бул тараўдағы басқа бир қатар нызамларда мийнет тәлимине үлкен итибар бергени мақсетке муўапық.

«Қураный Кәрим» де меншик ҳәм меншик қатнасықларына да жетерли әҳмийет берилген. Меншикке ийе болыў, бул экономикалық-социаллық жетискенликке ерисиў машқалаларын шешиўдиң экономикалық факторы деп қаралған. «Қураный Кәрим» де және жәмийетлик меншик пенен жеке меншикти муўапықластырыў, оннан өнимли пайдаланыў, жәмийетке пайда келтириў, жәмийеттеги байлықлардан ҳәмме пайдаланыўға ҳақылы екенлиги мақулланады, бирақ оларға жеке ҳәкимлик пенен үстемлик етиў, ғәрезли мақсетлерде пайдаланып жеке байлық арттырыў ушын дерек етип алыў қараланған. Ең тийкарғысы, балалар, жетим-жесирлер, майыплар меншигине қыянет етиў үлкен гүнә деп қаралады. Сондай-ақ «**Қураный Кәрим»** де шаңарақтағы меншик қатнасықларын мийрас қалдырыў, мийрасқа ийелик етиў, мийрасты дурыс бөлистириў мәселелерине айрықша итибар берилген. «**Қураный Кәрим» де қарыз бериў ҳәм қарыз алыў, мийрас бөлистириў**( 4-сүре**, 8-аят), жетим-жесирлерге мириўбет, садақа бериў**( 3-сүре, 128-аят), **өз-ара жәрдем бериў**( 5-сүре, 3-аят) тилге алынған. Ысырап-гершилик қараланған, пайда муғдары 10% етип белгиленген.

**«Қураный Кәрим»** де шекленген ресурслардан үнемли пайдаланыўға итибар берилип, мынадай делинген: «**Жеңлер, ишиңлер, бериңлер бирақ ысырап етпеңлер»**. «**Қураный Кәрим»** де алға сүрилген экономикалық пикирлерден бири инсанның тутыныў мәдениятын қәлиплестириў жолы менен артықша ысырапкершиликке жол қоймастан, олардан үнемли пайдаланыў зәрүрлиги айтылған, керисинше тутыныў нормасы ҳәм мәдениятын билмеў-кәмбағалшылыққа, экономикалық дағдарыс-қа алып келиўи мүмкинлиги көрсетилип өтилген.

Шығыс экономикалық илимниң раўажланыўында **Ибн Халдун Әбдирахман Әбиў Зайдтың(1332-1405 ж.**) орны жүдә айрықша. Ибн Халдун философ, тарийхшы, сиясатшы, алым, мәмлекет ғайраткери ҳәм ири экономист сыпатында Шығыстың айрықша итибарға ийе болған тарийхый инсан. Ибн Халдун Тунис қаласында өзи жасаған дәўириниң

абыройлы, илимпаз шаңарағында дүньяға келген. Ол әкесиниң жәрдеминде ислам ҳуқықы, тил, әдебият, сиясат ҳәм экономика илимлерин айрықша өзлестирген. Ибн Халдун өз дәўириниң жетик мәмлекет ғайраткери дәрежесине көтерилген, бир қатар мәмлекетлердиң сиясий жумысларына да белсене қатнасқан. Ол өмириниң ақырларында бабамыз Сақыпқыран Әмир Тимур менен ушырасып, оның итибарына ийе болған, экономикалық
ҳәм тағы басқа да мәселелер бойынша кеңесгөй болып хызмет еткен. Оның экономикаға арналған пикирлери «**Кирисиў», «Китоб-улибор»**, яғный «**Ибратли мисоллар»** китабы (1370 жыл) усаған шығармаларда келтирилген болып, дүнья жүзи илимпазлары ҳәм халықлары тәрепинен жарамлы деп қабыл етилген. Ибн Халдунның экономикалық пикирлеринде, инсанлар мийнет етиўи процессинде бир-бирине жәрдемлеседи, олардың өндирис хызметиниң формалары, жәмийетте жасаў ҳәм раўажландырыў ушын жағдай жаратады, бул болса өз нәўбетинде жәмийет ҳәм адамлар мүтәжлигинен келип шығады, бирақ мүтәжликлерди өз алдына, жеке түрде қанаатландырып болмайды, ал мүтәжликлерди қанаатландырыў басқалар менен бирге ислесиў, мийнет түрлерин ҳәр ким өз қәбилетине жараса бөлип алып ислеўине байланыслы болады деп көрсетиледи. Ибн Халдун тәбийғый-географиялық орталық: жер, суў, тәбийғый жағдай, топырақ өнимдарлығы - инсанлар турмысына олардың жасаў жағдайына, экономикалық хызметине тәсирин жоқары баҳаласа да, олар жәмийеттиң раўажланыўының тийкарғы факторы емеслигин, ал адамлардың мийнет бөлистирилиўиниң тийкарында қәлиплескен экономикалық хызмет ғана жәмийеттиң раўажланыўының тийкары бола алыўын айтып өткен. Ибн Халдунның экономикалық пикирлеринде мийнет –қунның негизи екенлигин, товарлардың алмасыўы тийкарын, оларға сарыпланған жәмийетлик мийнет сарпы жататуғынлығын дәлийллеп, қунның негизи - мийнет екенлигин түсиндириўге ҳәрекет еткен. Ол еки заттың өз-ара бир-бири менен

алмасыўы тийкарында мийнет қуны жататуғынлығын айтады. Жәмийетлик мийнеттиң пайда болыўы анаў ямаса мынаў формада көрсети-лип, ол «**Әпиўайы ҳәм қурамалы»** мийнет түсиниклерин бир-биринен ажыратады. «**Зәрүрий»** ҳәм «**Қосымша»** өним, «**Зәрүрий»** ҳәм «**Қосымша»** мийнет ҳаққында да дурыс пикирлери бар. Ибн Халдун экономикалық пикирлеринде меншик, меншик қатнасықлар, реформалар, инсанлардың меншик ийеси болыўы мәселелери айырықша орын тутады. Меншик ийеси болыў жеке меншикке ийелик етиў инсанның нызамлы ҳуқықы болып есапланады деп көрсетеди. Ибн Халдунның меншик ийеси, жеке меншиклик ҳаққындағы пикирлерине бүгинги базар экономикасы талаплары тәрепинен қарайтуғын болса, экономикалық еркинлик-меншик ийеси болыў, меншикке ийелик етиў, оннан пайдаланыў ҳәм оны еркин өзлестириў инсан ушын басқа нәрсе емес, ал турмыслық мүтәжлик болып табылады.

Бүгинги күнде Өзбекстанда өткизилип атырған базар реформаларының баслы мақсети, жеке меншикке еркинлик бериў. Себеби, адамларды меншик ийеси етпей турып, орта меншик ийелери класын қәлиплестирместен, экономикалық ҳәм сиясий турақлылыққа ерисип болмайтуғынлығын турмыс өзи көрсетип турыпты.

**«Дүнья тәжирийбеси соннан дерек берип турыпты, - дейди И.А.Каримов – жәмийетте тупкиликли мәнистеги меншик ийе-лери класының көпшиликти қураўы, жәмийетлик- турмыстағы турақлылық ҳәм пәраўанлықтың кепиллиги болып хызмет етеди».**

## § 1.5 Әмир Темур ҳәм Темурийлер дәўириндеги экономикалық пикирлер.

Шығыс экономикалық тәлийматының раўажланыўында Сақыпқыран Әмир Темурдың экономикалық пикирлери айрықша орын ийелейди. Оның экономикалық пикирлери «**Темур тузуклари»** деп аталған шығармасында көбирек баян етилген. Онда «Экономикалық теория»

пәнинде үйретилетуғын көплеген экономикалық түсиниклер ҳаққында айтылып өтиле-ди. «Темур тузуклари» шығармасында Әмир Темур тәрепинен мәмлекетти басқарыў, оны раўажландырыў нызам – қағыйда-лары, принциплери, жоллары, экономиканы шөлкемлестириў, турақластырыў машқалаларына арналған зәрүр усыныслар берилген.

Әмир Темур мәмлекет ҳәм экономиканы басқарыўдың өзине тән еки басқышлы («**Бас ўәзир кеңеси»** ҳәм **«Ҳәр бир ўәлаят кеңеси»**) мектебин ислеп шықты. Бул басқарыў системасы салық жыйнаў, тәртипти сақлаў, өндирис ҳәм жәмийетлик инфраструк-тураларды дөретиў ҳәм оларды жүргизиў, қадағалаў ҳәм тексериў жумысларын алып барыў, халықтың минез-қулқын қадағалап барыў ҳәм басқа да жумысларға басшылық еткен.

Адамларға өнер-кәсип үйретиў, оларды жумыс пенен тәмийин-леў, исбилерменлик ҳәм талапкершилик пенен шуғылланыў-шыларға зәрүр болған қаржылар ажыратыў, үй-жайлар қурып бериў ҳаққында айтылып өтиледи. **«Өнер-кәсип ҳәм билим ийелерине ири кәрханалардан үлес берилсин, билегинде күши бар жас адамлар болса, өз аҳўалына-жағдайына қарап жол тутсын, қаржысы қолынан кетип қалған саўдагерлерге өз қаржыларын қайта тиклеп алыў ушын қазнадан жетерли муғдарда алтын берилсин», «күши жетпеген дий-ханларға егис ушын тухым, әсбап-үскенелер таярланып берилсинҒ, пуха-ралардан үй-жайы бузылып, қайта тиклеўге қурбы жетпегенлерге керекли затларды жеткерип берип, оларға жәрдем берилсин»**
(«Темур тузуклари» Т.1993 ж. 67 бет) деп көрсетеди Әмир Темур. Бул пикирлер ҳәзирги базар экономикасына өтиў дәўиринде үлкен әҳмийетке ийе.

Әмир Темур меншик мәселелерине де итибар берген ҳәм ҳәр қыйлы меншиклердиң тең қолланыўына жағдай жаратып берген. Сақыпқыран Әмир Темур дәўиринде тийкарғы өндирис қуралы болған жерге ийелик етиўдиң тийкарғы бес көриниси болған.

Әмир Темур халықты өзи жүргизип атырған экономикалық сиясатынан әсиресе, финанслық қатнасықлардан, ақша машқалалары ҳәм салық системасынан хабарлы болыўы, яғный экономикалық жақтан саўатлы болыўын талап еткен. Ол халық экономикалық жақтан саўатлы болса, мәмлекет те экономика-лық жақтан раўажланады ҳәм нәтийжеге ериседи - деп есаплаған.

Және де ол салықлар ҳаққында жазып: Егер халық дизимге алынған жерлерден берилетуғын салық нақ ақша менен төленетуғын болса, оларға жеңиллик берилиўи керек деп ҳәм буның менен ол салықты нақ ақша менен төлеўшилерге нақлай емес ақша яғный, өним бериў жолы менен төлеўшилерге қарағанда жеңилликлер бериў зәрүрлигин айтады. Бундай сиясат дүньяда экономикалық ҳәм әскерий тәрептен күшли, қүдиретли, мәмлекет дүзилисине себеп болған. Сақыпқыран сыртқы эконо-микалық байланысларды жүдә әҳмийетли деп билген. Қытай, Ҳиндистан, Араб мәмлекетлери, Мыср, Рим, Израил усаған мәмлекетлер менен жақын экономикалық байланысларды жолға қойыўға умтылған.

Әмир Темур әсиресе, саўда-сатықтың раўажланыўына итибар берген. Оның дәўиринде бир күнлик кәрўан жолында барлық нәрселер: ат, от-жем, азық-аўқат, суў таярлап қойылған. Оның дәўиринде мәмлекетлик бюджет түсиниги әмелде қолланылған, яғный барлық дараматлар ҳәм қәрежетлер есапланып барылған.

### § 1.6. Әлишер Наўайының экономикалық көз-қараслары.

Өзбек халқының руўхый мийрасында, оның мәдениятын халық аралық көлемде тән алыныўында уллы шайыр, белгили мәмлекетлик ғайраткер, әдебият мүлкиниң султаны Әлишер Наўайының өз алдына салмақлы орны бар. Халқымыз, әсиресе, жасларымыз Әлишер Наўайыны тийкарынан шай-ыр сыпатында жақсы биледи. Ол экономикаға да байланыслы көплеген идеяларды өзиниң «**Махбуб ул қулуб»** («**Қәлб сүйиклиси»**) шығармасында көрсетип өткен.

Әлишер Наўайы еки экономикалық пикирди алға сүрди:

1) **Мийнеттиң муғдары ҳәм сыпатына қарап хошаметлениўи.**
2) **Мийнетке қарай ис ҳақы алыў, ана сүтиндей ҳадал екенлиги.**

Наўайының экономикалық көз-қарасларында меншик мәселелериниң дурыс бөлистирилиўне, шийки затлардан үнемли пайдаланыў, ысырапгершиликке жол қоймаў, сонда ғана халық тоқ, параўан жасайды деген идеяны алға сүреди. «**Ысырап етиў сақыйлық емес, орынсыз жумсаўды ақыллы адамлар сақыйлық деп есапламайды, ҳадал малды күйдиргенди тентек дейди, жақты жерде шам жаққанды ақылсыз дейди».**

Уллы шайыр Әлишер Наўайы исбилерменлик, яғный дарамат табыўдың жоллары үстинде үлгили пикирлер айтқан. Оның пикиринше дарамат табыўдың еки жолы болып, **биринshiси,** өз мийнети менен байлық топлаў ҳәм тоқ жасаў. **Екиншиси** болса, урлық, дәмегөйлик ҳәм зорлық есабынан байлық жыйнаў.

Уллы ойшыл Алишер Наўайынын дөретпесинде де эконо-микалық идеялар әҳмийетли орын ийелеген. Әсиресе, ком-мерция, саўда мәселелери жүдә ашық көрсетилген. Алишер Наўайы мәмлекет әскери сыпатында мәмлекетеги тынышлықты сақлаў ҳәм абаданластырыў ислерине қатнасқан. Ол мийнеттиң адам ҳәм жәмийеттеги орнына дослыққа жоқары баҳа берген.

Батыс Европада феодализм жәмийети үш басқышты басып өтти:

1. Дәслепки феодализм (V-X э )
2. Раўажланган феодализм (X-XV э).
3. Феодализмниин ыдыраў дәўири (XVI-XVIII э)

Классик орта әсир дәўирдеги экономикалық идеялар доктриналар тийкарында раўажланган. Бунда ширкеў, руўханийлер улкен тәсир етти. XI-әсир ортасында монах грициан нызамлы ҳуқықлар топламын дүзген, онда бир қанша экономиқалық идеялар берилген. Олар улыўмаласқан меншикти идеал деп баҳалап, жеке меншик қудай тәрепинен адамлардың

гүналары ушын пайда болған деген идеяны ортаға қойған Ахвиинскийдиң (1225-1226-1274) тәлийматында экономикалық идеялар белгили бир тәртипке салынған. Ол өз шығармаларында қуллык ҳәм крепостнойлықты ақлайды, бунда ол Аристотельдиң китапларына тийкарланған. Ол бар-байлықлардың ийеси қудай, бирақ жеке меншик ҳәм қорғалады. Себеби бунда адамның өзиниң дәрежесине группасына сәйкес түрде жасаўға имканият туўылады. Дәўир талабына сәйкес түрде мәмлекет өзин-өзи тәмийнлеў идеясын қоллап, натурал түрдеги байлыққа итибар береди.

Усындай экономикалық идеялар Францияда (Неколе Орен), Англияда (Джон Болл) пайда болды.

## § 1.7. Бердах Ғарғабай улы шығармаларында экономикалық көз қараслар

Қарақалпақ классикасының бийик шыңы, демократ шайыр Бердах бизге оғада бай әдебий мийрас қалдырды. Бердах тар заманда жасады. Қарақалпақ халқы бизге тарийхтан белгили 1873 жылға дейин Хийуа ханлығына бағынышлы болып келди.

Бердах қаншелли аўыр жағдайларды басынан кеширмесин, ол қаншелли материаллық жақтан қыйыншылықларға дуўшар-леспесин, қаншама залымлардың, дин ийелериниң қурсаўында қалмасын, бәри бир, ол өзиниң айтайын дегенлерин қайтастан, қорқпастан, ҳеш кимниң бет-жүзине қарамастан хатқа түсирип айтып өткен шайыр.

Шайыр өзиниң көзи тирисинде–ақ мийнеткеш халық тәрепинен ылайықлы баҳасын алды. Оны адамлар «**Бердах шайыр»**, «**Бердах бақсы»** деп атады ҳәм оған шын кеўилден иззет – ҳүрмет етти.

Бердах Ғарғабай улы Бердимурат 1827 жыл Арал теңизиниң қубла жағы Әмиў-дарьяның теңизге қуяр жерине жақын аўыл-ларында туўылып 1900 жылы қайтыс болды.

Шайырдың өзиниң хатқа түсирип хабарлаўына қарағанда «**жети-сегиз ханды көрген»**, лекин оның қосықларында жазғанларына қарағанда ханлардың ҳеш бири де оның үмитин ақламаған ҳәм әдил патшаларды ушыратпаған. Нәтийжеде, ол ханлар туўралы унамсыз, оғада кескирт жуўмақ шығарыўға мәжбур болған. Буған мысал иретинде шайырдың: **«Болған емес», «Халық ушын», «Жақсырақ», «Салық», «Балам»** ҳәм тағы басқа бир қатар социал-сиясий мәниге қурылған дөретпелеринде сол дәўирдеги әдилатсызлықты сүўретлейди.

Шайыр өзиниң «Халық ушын» қосығында төмендеги қатарлар менен, яғный

Жигит болсаң, арыслandай туўылған,
Хызмет еткил удайына халық ушын,
Жигит болсаң, арысландай туўылған,
Ҳеш қашанда, жумыс етпес өзи ушын.

деп көрсетип, ер жигит барқулла ели ушын мийнет етиў кекреклиги, ўатанды қорғаў керек болса оны душпанлардан қорғаўы кереклиги, ўатанды шын кеўилден сүйиўи кереклиги, ел халықты ҳүрмет-иззет етиўи кереклиги ҳаққында қосық формасында хатқа түсирген. Бундай пикирди Бердах шайыр өзиниң «Жақсырақ» қосығын-да да келтирип өтеди.

Ақ бийдайы турып, сулы сепкеннен,
Таза салы турып, шигин еккеннен,
Жөнсиз, қырық күн, қайғы ўайым шекkеннен,
Ден-саўлықта, бир күн шадлық жақсырақ.
Жумыс исле, туўылған соң, ел ушын,
Жаныңды аяма, елде ерушын,
Киндик қаны тамған, туўған жер ушын,
Өлип кеткениңше хызмет жақсырақ. ҳ.т.б.

Шайыр өзиниң «Балам» атамадағы қосығында:

Алтақлама, талтақлама,
Биреў урды деп жылама,

Аш боламан деп ойлама,
Жигерли бол жастан, балам.
Малым бар деп асып-таспа,
Биреўлер менен жарыспа,
Орынсыз жерде тарыспа,
Иретинде сойле, балам.
Ата-анаңды қәдирле,
Өлгениңше жақсы сойле,
Мал тапсаң торқаға бөле,
Өсиўиңе жақсы, балам.
Жетим көрсең қолыңды бер,
Аға болса изине ер,
. . . . . . . . . . . . . . . .

Көрип турғанымыздай шайыр бул жерде де баланың жастан тарбияланыўы керeклиги, жас үлкенди қәдирлей билиўи керекли, орынсыз басқа биреўлерге елеклемей, артық мал таласа биринши мәртебе өзиниң ата анасын қәдирлеўи керекли, жыйынларда орынсыз, мәнисиз сөз сөйлемеўи керекли ҳаққында нәсият қатарларын көремиз.

Бердахтың «Салық» қосығында болса сол ханлар заманындағы халыққа салынған салықларды жүдә аўыр келгеннлигин халытың атынан қағазға түсирип өзиниң экономикадан хабар екенлигин дәлиллейди, яғный

Былтырғыдан быйыл жаман,
Қалай-қалай болды зама,
Ғәрип -қәсер қалмай аман,
Он тилладан келди салық.
Маған ҳеш гәп ешегим бар,
Сатып беремен бир базар,
Әттең, жарлы аш Ерназар,
Оған қыйын болды салық.

Ол пақырдың нәрсеси жоқ,

Емес тағы қарыны тоқ,

Ҳадалға бир таўығы жоқ,

Албыратты оны салық.

Бердах шайыр өз бетинше жүдә көп изленген, илимди, мағрифетти ийлеў жолында, тер төлип, мийнет еткен, Әйемги Грек философлары Аристотель, Платон тәлийматларынан да хабары болған. Бул оның келеси қосық қатарларында өз көринисин алған:

Өткен Әрасту, Әплатун,

Жаратып илимниң қәнтин,

Шешиў ушын пикири бәнтин,

Мей магрифет излер едим.

Тарийхтан белгили Аристотель ҳәм Платон философиясы кун шығыс халықларына кең таралған тәлиймат екенлиги. Әйемги Греклерде, дүньяның төкини төрт элементен: **суў, от, топырақ, ҳаўа.** Индияда болса бес: **суў, от, топырақ, ҳаўа, эфир**. Қытайларда болса бес: **суў, от, ағаш, металл, топырақ** сыяқлы элементлерден туўрады деп тапқан. Көрип турғаныңыздай алымлар дүньяны стихиялы болса да, материалистлик түсиниў деп баҳалаған.

Ал, Бердахтың өзиниң қосық қатарларында **«Төрт нәрсе - дүнья төркини»** дегени де усыған жақын келеди. Бердах шығармаларындағы қыйыншылықлар тосыннан туўған қубылыс емес. Олар шайыр өмири сүрген жылларындағы қарама-қарсылықларының айқын сәўлеси екенлиги анық.

## § 1.8. Классик экономикалық мектебиниң пайда болыўының тарийхый шарт-шараятлары ҳәм оның улыўма характеристикасы.

«**Меркантилизм»** италиянша сөз болып, мәниси «**Саўдагер»** дегенди аңлатады. Бул сөздиң өзи мектептиң мазмунын жақсы түсиндиреди. Меркантилизм саўда капиталының мәплерин қорғаған. Меркатилизм еки белги менен характерленеди: байлық ақша менен теңлестириледи ҳәм ақша байлығын топлаў мәмлекет ҳәкимияты жәрдеми менен әмелге асырылады. Меркантилистлик сиясат ислеп шығылған болып, онда мәмлекетке көбирек алтын ҳәм гүмис келтириў мөлшерленген. Меркантилизм өзиниң раўажланыўында еки дәўирди басып өткен:

1. **Дәслеп меркантилизм ямаса монетаризм (XV–XVI әсирлер).**
2. **Раўажланған меркантилизм (Мануфактура дәўири).**

Дәслепки меркантилизм ағымының ўәкиллери **У. Стаффорд (Англия)** ҳәм **Г.Скаруффи (Италия)** еди. Олардың тийкарғы идеясы «**ақша балансы**» системасы болып, оның тийкары нызамлы жол менен ақша байлығын көбейтиўди өз ишине алады. Мәмлекетте ақшаны услап қалыўға үлкен итибар берилген. Раўажланған меркантилизм XVII әсирдиң екинши ярымында жүзеге келип, XVII әсирдиң орталарында раўажланып барды. Оның тийкарғы ўәкиллери **Т. Мен(1571-1641 ж. Ангилия), А.Серра (Италия) ҳәм А. Монкретьен(1565-1621 ж. Франция), Ж. Ло(1671-1729 ж. Шотландия)** еди. Раўажланған меркантилизмниң тийкарғы идеясы жоқарыда көрсетилгендей «**саўда балансы»** системасы болып, мәмлекет шеттен қанша кем мал алып, шетке көп шығарса, яғный актив саўда балансына ийе болса, сонша бай болады. Буған ерисиў ушын еки тийкарғы жол тутыў талап етиледи:

**Биринщиден,** мәмлекет таяр өнимлерди көбирек ислеп шығарыў ҳәм зергерлик буйымларды киргизиўди қадағалаў.

**Екиншиден,** ўәкиллик саўда-сына (бир мәмлекетте арзанырақ мал сатып алып, екиншисине қымбатырақ сатыў) итибар бериў.

Меркантилистлик мектеп ўәкили **Антуан Монкретьен** экономикалық пәнге биринши болып «С**иясий экономия»** түсинигин киргизген. Ол, 1615-жылы «**Сиясий экономия трактаты»** шығармасын жазған. Бул

шығарманың тийкарғы идеясы – «**көп сатыў, аз сатып алыў**». Меркантилизм Ангилияда да аўыл хожалығы ҳәм санааттың раўажланыўына түртки берген болса, Францияда ол тийкарынан итибарды санаатқа қаратқан. Францияда бул тәлиймат басында Франция короли Людовик XIV- тиң финанс(қаржы) ўәзири **Ж. Б. Кольбер(1619-1683 ж.)** турған. «**Ақша саўданы раўажландырады**» деген докторинаны ең жоқары дәрежесине көтерген меркантилист **Жон Ло** еди. Жон Ло 1705 жылда өзиниң тийкарғы шығармасы «**Ақша ҳәм саўда анализи»** мийнетин жазған. Жон Лоның идеясы төмендегилерден ибарат болған: Оның пикиринше экономикалық раўажланыўдың гилти мәмлекетте ақшаның көплиги болып есапланады. Ол ақшаның өзин байлық деп есапламаған, ал товарлар, кәрханалар ҳәм саўданың өзин ҳақыйқый байлық деп билген.

XX әсирдиң уллы экономисти, алымы **Ж.М. Кейнс** өз шығармаларында меркантилизмниң айрым идеяларынан пайда-ланған. Экспорттың импорттан көплиги, ақшаның ағып келиўи арқасында ақша усынысының көбейиўи процент нормаларын төменлетиў ҳәм соның арқасында ақша инвестициясы ҳәм жумыс пенен бәнтликтиң өсиўин, ол «**меркантилизм доктрина-сындағы илимий ҳақыйқат тухымлары»** деп атаған.

Меркантилизмниң орнына классик буржуазиялық эконо-микалық мектеби қәлиплести ҳәм пайда болды.

Халық хожалығының тез рўажланыўы илимий ашылыўлар-ды талап етеди. Бул дәўирде Англияда табийғый пәнлер, әсиресе механика, астрономия, физика тез раўажланды. Оның ең уллы ўәкили Исак Ньютон(I643 - I724), Томас Гобс(I588-I879) болды. Олардың пикиринше жәмийет механизмге уқсаған нәрсе, оның тийкарында инсан деген идея жатады. «Инсан инсанға қасқыр» деген сөзди де сол (Т. Гобс) айтқан. Эгоизм адамды ҳәрекетке келтириўши күш дейди. Гобстың идеясы бойынша социяллық турмыстада объектив нызамлар бар. Усындай

шараятта классик мектеп пайда болды ҳәм раўажланды. Бул дәўирде меркантилизм сиясаты талапқа муўапық жуўап бермей қалды ҳәм оның ыдыраўы жүз берген еди.

**В. Петти-Англия классик экономикалық мектебиниң тийкарын салыўшы.**

Вильям Петти(I623-I687) Англиядағы классик буржуазиядағы сиясый экономикасының негизин салыўшы.

Ол буржуазияны мүмкин болғанынша **"Еркин", "Гәрезсиз"** деп, оны турли жоллар менен қорғады. Ис ҳакыны шеклеў тәрептары сыпатында исшилерге минимүм ҳақы төлеў ҳәм усының арқасында буржуазияның байыўына жәрдем бериўди қоллады. В. Петтидиң де дәслепки шығармаларында меркан-тилистлердиң тәсири күшли болған, кейин **"Пул ҳаққында бир нешше аўыз сөз"** деген китабында(I682) ол меркантилизмнен ўаз кешкен. В. Петти экономикалық маселелерди шешкеңде тәбийғый пәнлер, әсиресе медицина, анатомия (өзи шыпакер болған) терминлерин ҳәм салыстырыўларын усталық пенен пайдаланған. Ол мәселени шешиў ушын дурыс жолды табыў,
сиясий жаныўардың ден-саўлығын тәминлеў ушын тек оның анотомиясын үйрениў арқалы ғана ерисиў мүмкин екенлигин дәлиллеп береди.

Ол хожалықтың тийкарын өндирис процеси тутады ҳәм жәмийетлик байлықларды материаллық өнимлерди өндириў, мийнеттиң нәтийжесинде жүзеге келеди дейди ҳәм саўдагершиликти өнимсиз кәсип қатарына қосады. Себеби олар ҳеш қандай өним түрин таярламайды, ал тек ауыл хожалық ҳәм санаат өнимлерин адамның вена ҳәм артерия тамырларына уқсас, болып жәмийетиң денесиндеги қан ҳәм шербетлерди бөлистиреди. Петтидин пикиринше: **Ақша инсан организиминдеги май болып, майдың көп болғаныда, аз болғаныда зыян. Оның шеги болыўы керек.** Петти экономика тарийхында қунның мийнет теориясын тәриплейди. Бул адамдын үлкен илимий хызмети. Бирақ Петти қунды алмасыў қуны менен алмастырып алды, товардын тутыныў қуны итибарға

алынбайды. Яғный қун тек базарда жүзеге шығады, дейди. Ол қуннын тиккелей дереги сыпатында тек конкрет мийнеттиң анық бир көриниси, алтын ҳәм гүмис қазыўдағы мийнетти (ягный пул материялы) көрген. Бул жерде адамның меркантилистлик көз қараслары сақланган. Онда қун менен тутыныў қуны түсиниклери ортасында парық көринбейди. Конкрет мийнет тутыныў қунын жаратса, абстракт мийнет улыўма қунды жаратады.

В. Петти жер баҳасын мәселесин жүдә қызық ҳәм оригинал түрде шешкең. **Оның пикиринше: Жерди сатып алыўшы ҳәр жылы рента алыў ҳуқуқын колға киргизиўши шахс. Сол себепли жер баҳасы бир жыллық рентаны белгили санға көбейтиў арқалы анықланады.** В. Петти жерди сатып алыў бир жыллық дәраматтың дереги екенин түсинген. Бирақ жердиң баҳасы мәселесин толық шеше алмаған. Себеби жердиң баҳасы 2 факторға байланыслы:

1**) Жер рентасынын муғдары.**

**2) Процент дәрежеси.**

Петти ссуда процентин жердиң баҳасынан шығарып таслайды. Бул қыйын аўҳалдан шығыў ушын ол жер баҳасын рентаның 21 көбейтилгенине тең деп есаплаған(әўлад атасы 50 жас, баласы 23 жас, ақлығы жас-21 жылды бирге жасайды деген.)

Жердиң баҳасы мәселесин басқа адамлар шешкең. Франциядағы классик буржуа сиясий экономикасының тийкарын салыўшылардың бири Пьер Буагильбердиң (I647-I714) экономикалық көз қарасылары Францияның социяллық жағдайына үлкен тәсир еткен. Буагильбер қунның мийнет теориясына тийкар салды. Ол базар баҳасы менен "**ҳақыйқый баҳаны**" айырып, "**ҳақыйқый баҳа**" мийнет шығыны менен белгиленеди деген. Буагильбердин ең үлкен хызмети бул қунды сарыпланған ис
ўақты менен теңлестиреди. Петтидиң экономикалық тәлийматларында алмасыў қуны тийкарғы орында болса, Буагильберде тутыныў қуны бас рольди ойнайды. Физиократлар (латын, табият ҳакимият) XVIII-әсир

Францияда ҳәрекет еткең кллассик буржуазия сиясый экономикасының ўәкиллеринин бири.

Физократлар мектеби феодализмнен капитализмге өтиу дәўиринде раўажланды. Мәмлекеттиң өндирис күшлериниң раўажланыўы феодал экономикалық қатнаслар менен тереқ қарама-қарсылықларға ушырады. Феодал дүзимине қарсы гүрес идеясы физократлар ҳәм олардың тийкарын салыўшы Ф. Кеңенин экономикалық тәлиматында тийкарғы орынды ийелейди.

Физократтың ең әҳмиетли тәрепи олардың меркантилистлерден кескин парықланады. К. Маркс сөзи менен айтқанда **"олар замангөй сиясый экономиканың ҳақыйқый аталары"** деди.

Олардың хызмети: буржуазияның дуньяға көз қарасы дөгерегинде капиталды дәлилеп берген. Бул оларды басқалардан парқ ететуғын тийкарғы мәселе еди. Бирақ физократлар өндирис саласыны аўыл хожалық саласы менен шеклеп қойған.

Ф. Кеңе "**тәбийғый тәртип**" концепциясын илгери сүрди. Бунда ол буржуазиялық дүзимди түсиндирип, экономика еркин бәсекелесиў тийкарында раўажланыўын, базар баҳасының
стихиялы өзгериўин яғный мәмлекеттиң араласыўына жол қоймаў жағдайын қоллады. Экономикалық раўажланыў адамлардың қәлегенине, тилегине байланыслы болмаған табийғый жағдай екеңин тән алыу физократизмниң сөзсиз илмий устасы еди.

Кэне алмасыўдың эквивалентлиги тәлиматы илгери сүрди. Ол алмаслау ямаса саудa байлық жаратпайды, демек алмаслау ҳеш нәрсе өндирмейди деп есаплаған. Физикратизмниң өнимли ҳәм өнимсиз мийнет туўралы талийматы таза өним ҳаққындағы тәлиймат пенен тығыз байланыслы болып, оның даўамы нәтий-жеси болып есапланған. Мерканталистлердиң айырмашылығы, олар таза өним туўралы көз-қараслары тийкарында жәмийетти 3 классқа бөледи:

1. Өнимли класс (фермер).

2. Жер ийелери классы.

3. Өнимсиз класс (буны саанатшылар класы деп атайды).

Жәмийеттин класлық дүзилиси ҳаққында тәлийматтың тийкарғы кемшилиги бул: Кэне буржуазиялык жәмийеттиң тийкарғы классларын көре алмаған. Бул дүзимде қолланба исшилер ҳәм капиталистлер бирлестирилген. Өнимниң реализация ҳәм айланыуы қалай әмелге асырылады?

Бул экономикалық таблицанын шәртлерине қарай, бул жағдай бес акттен ибарат.

Фермерлер, меншик ийелери, санаатшылар усындай болыў керек екеңиниң механизмин түсиндирип бермекши болды. Оның дәлийлениуинше мийнетке талап усынысқа салыстырғанда кемейип барады, ислеушилер ортасында бәсеке болады деди.

Тюрго пайда бар екеңин тән алады, лекин оны проценттен шығарады, процентти болса рентадан алынған дарамат деп қарады.

## §1.9. Физиократизм экономикалық мектеби.

Физиократлар (**Латынша Physio – тәбият ҳәм kratos – ҳәкимият ямаса тәбият үстинлиги) XVIII** әсирде Францияда жасаған экономикалық мектеп ўәкиллеринен бири. Бул мектеп феодализм дүзими қулап, оның орнына капиталистлик өндирис қатнасықлары қәлиплесип атырған дәўирде хызмет көрсеткен. Физиократлардың ең көзге көринген ўәкиллери **Франсуа Кенэ, Анн Робер Жан Тюрго, Дюпон де Немур, Д. Аламбер, В. Мирабо, Г. Летрон** ҳәм тағы басқалар. Аўыл хожалығы менен байланыслы мәселелерди шешиў физиократлардың тийкарғы ўазыйпасы болып есапланған. Олар аўыл хожалығын мәмлекет байлығының тийкары деп билген. Физиократлар мийнет ҳәм жер байлықтың тийкары екенлигин көрсетип берди:

- Саўда–сатықта бажыхана шеклеўлерин алып таслаўды усынады;

- Өндирис процессиниң тәкирарланыўын илимий жақтан тийкарлап берди ҳәм басқа бир қатар зәрүр тезислерди алға сүрди.

Физиократлар мектебиниң басында **Ф. Кэне(1694-1774 ж.**) турған. Ф. Кэне ҳәр тәреплеме илимли адам болған. Ол кәмбағал дийхан шаңарағында туўылған. Ф. Кэне өз билими ҳәм мийнети арқасында дворян атағын алды ҳәм король Людовик -XV сарайында хызмет етти. 1744- жылы медицина илимлери докторы илимий дәрежесин алған, ҳәм король шаңарағында тәуиплик етти. Бирақ, Ф. Кэненеге тийкарғы жетискенликлерди экономика тараўындағы көз-қараслары ҳәм идеялары келтирди, ол 60 жастан соң ғана экономика менен шуғыллана баслаған.

Ф. Кэнениң экономикаға тийисли «**Фермерлер», «Дән», «Салықлар»** атлы мақалалары белгили. Оның ең тийкарғы шығармасы 1758–жылда жазылған «**Экономикалық таблица»** китабы болып табылады. Кенэ бул шығармада физиократизмниң теориялық ҳәм сиясий дәстүрин анықлап берди. Ф. Кэне «**Тәбийий тәртип»** концепциясын алға сүрип, қарар таўып баратырған капиталистлик системаны түсинип жетти ҳәм жәмийеттиң бәсекеге тийкарланыўын, базар баҳасының тәртипсиз(стихиялы), раўажланыўын көрсетип берди. Ол да мәмлекеттиң экономикаға араласыўын инкар еткен.

Ф. Кэне тәлийматында «**өнимли»** ҳәм «**өнимсиз»** мийнет ҳаққындағы түсиниклер де бар. Ол жәмийетти үш классқа бөледи: өнимли класс (фермерлер), жер ийелери класы ҳәм өнимсиз класс(санаатшылар класы). Жәмийет классларын бундай етип ажыратып капитал ийелери дүзимин дурыс көрсетип бермейди. Физиократлар ортасында әҳмийетли орында **Анн Робер Жак Тюрго(1727-1781 ж.**) ийелейди. Ол Сарбонна университетиниң Теология(Диний) факультетин питкерген. Тюрго көп жуўапкер лаўазымларда мийнет етти. Ол Людовик XVI –ның финанс ўәзири де болып ислеген. Тюргоның тийкарғы идеялары «**Байлықтың пайда болыўы ҳәм бөлистир-илиўи ҳаққында пикирлер»** (1766 –жылы жазылған ҳәм 1769-70 жылларда баспадан шыққан) шығармасында баян

етилген. Тюрго капиталистлик қатнасықлар тәбиятын Кенэден де тереңирек түсинген. Ол феодализм (жер ийелигин) реформалаў жолы менен жақсылаў мүмкин емеслигин көрсетип берген, капитализмниң феодал жәмийети ишинде жетилиўин аңлаған.

Тюргоның тийкарғы шығармасы 100 тезистен ибарат болып, оларда **«баҳа», «ақша», «класслар», «қосымша қун», «таза өним»** ҳәм тағы басқа экономикалық түсиниклерге де өз мәнисин билдирген. Тюргоның ең үлкен хызметлеринен бири өндириске қосылған капиталдың өз-өзинен өсип барыўын түсиндиргени.

## II Бөлим. «Экономикалық билим тийкарлары» пәнин мектеплерде оқытыў методикасы.

### §2.1. «Экономикалық билим тийкарлары» пәнинен 8 класс ушын «Экономикаға кирисиў» темасын оқытыў методикасы.

Тарийхый қысқа ўақыт ишинде мәмлекетимизде базар қатнасықларына тийкарланған миллиў экономикамыз тийкарлары пайда болды. Бундай шараятта экономика тийкарларын жасларға үйретип, сиңдирип барыў мәмлекетимиздиң алдында турған жүдә әҳмийетли мәселелерден есапланады. Себеби уллы келешекти жаратыў келеси 10-15 жылдан кейин жәмийетти басқарыў Президентимиз И.А.Каримов айтқанындай бизиң детик аўлаттың жуўапкершилигине түсе баслайды. Солай екен, жасларымыздан тынымсыз излениў, экономикалық билим тийкарларын тереӊ үйрениў, оны күнделикли турмыста қолланып билиў талар етиледи.

Оқыўшыларға арналған сабақлықта раўажланған мәмлекетлерде топланған тәжрийбе үлгилеринен пайдаланылған. Соның менен бир қатарда жұртымызға тән шығыс

мәңгилик үрп-әдетлеримизден келип шығып, оқытылатуғын материаллардың турмысқа жақын болыўына итибар берилген.

«Экономикалық билим тийкарлары» 8-класс сабақлығы сабақ өтиў методикасы оқытыўшылар ушын арналған болып, методикалық көрсетпелер китап формасында келтирилген. Сондай-ақ бул пәнде техникалық үскенелер жәрдеминде оқытыўға арналған көргизбели қураллар, тарқатпа материаллары топламы ҳәм сабақлықтың компьютер ушын мөлшерленген электрон вариантлары да берилген.

Оқыўшылар бул баптағы материалларды үйрениў нәтийжесинде төмендеги билим, тәжрийбе ҳәм көнликпелерге ийе болады:

- экономиканы хожалықты жүргизиў системасы сыпатында сыпатлай алыў ҳәм оның қурамын бөлимлерге ажырата алыў;
- зәрүрликлерди ажырата билиў;
- инсан зәрүрликлериниң шексизлигин түсинип жетиў;
- ресурслардың шекленгенлигин тийкарлай алыў;
- экономиканың тийкарғы машқаласы маңызына түсинип жетиў;
- таңлаўдың зәрүрлик екенлигин аңлап жериў;
- таңлаўдың алтернатив қунын таба билиў;
- өндирис факторларын ажырата билиў;

- мийнет өнимдарлығының мәнисине түсинип жетиў;
- мийнет өримдарлығын әпиўайы мысалларда есаплай билиў;
- мийнеттиң бөлистирилиўин артықмашылық ҳәм кемшилик тәреплерин санаў;
- ҳәр қандай жәмийет алдында турған үш тийкарғы сораўдың мәнисине түсинип жетиў;

- мийнетиң бөлистирилиўи ҳәм қәнийгелесиўиниң өз-ара байланыслығын түсиниў;

- Экономикалық системаларды бир-биринен ажыратыў ҳәм салыстыра алыў.

**Мектеплерде «Экономикалық билим тийкарлары» пәнинен «Экономика менен танысыў» темасында «Ашық сабақ» өткериўдиң тематикасы.**

**О**рта мектептиң 8-классларында «Экономикалық билим тийкарлары» пәнинен «**Экономика менен танысыў»** темасын өткизиўге мөлшерленген календар-жөбаның үлги формасы.

| |
|---|
| Оқытыўшының фамилиясы, исми: **Қосуақова Камила** |
| Мийнет стажы **1 жыл** |
| Мектеп, регион, қала: **Нөкис қаласы 4 санлы орта мектеп** |
| Оқыў тематикасы дүзилген класс оқыўшылары ушын **8 класс** |
| Пәнниң аты: **«Экономикалық билим тийкарлары»** |
| Календар-тематикалық жобаға сайкес теманың аты<br><br>**Экономика менен танысыў** |
| **Мәмлекетлик билимлендириў стандарты ямаса мектеп директоры тәрепинен тастыйықланған тематикалық-календарлық пландағы жобаға сәйкеслиги.**<br><br>*«Экономикалық билим тийкарлары» пәнинен 8- класс ушын улыўма орта били бериўдиң мәмлекетлик стандартының оқыў жобасына сәйкес.* |
| **Сабақты өтиў ушын керекли қурылмалар:** плакатлар; диафильмлер.<br><br>**4) Оқыўлық «Экономикалық билим тийкарлары» 8- класс ушын.**<br><br>**5) Веб – ресурслар**<br><br>**6) Жергиликли статистика ҳәм анализ басқарыў мекемелериниң** |

| |
|---|
| **«Статистикалық бюллетенлери»**<br><br>**7) Карточкалар** |
| **Бул сабаққа тийисли материаллар менен тәмийинлеген Интернеттеги веб-ресурстың сыпатламасы ҳәм адреси.**<br><br>**3) www.connect.uz - Интернет для школы Узбекистана** |
| **Сабақ өтиў процессинде қолланылатуғын таза экономикалық терминлер ҳәм оларға түсиниклер:**<br><br>**1 ) Экономика –** инсанның өмир сүриў ушын зәрүр өнимлерди жаратыўға қаратылған хожалық жүргизиў системасы.<br><br>**2) Экономикалық қатнасықлар бөлеклери –** тәбият, адамлар ҳәм адамлар тәрепинен жаратылған барлық нәрселер.<br><br>**3) Экономика пәни –** адамлардың экономикалық өнимлерди жаратыў процессиндеги искерлиги, хызмет ҳәм өз-ара мүнәси-бетлерин үйрететуғын пән.<br><br>**4) Экономикс –** аўдармасы үй-хожалығын алып барыў өнери деп аталған экономикаға байланыслы биринши китап Греция-да еки мың жыл бурын Ксенофонт(эрамыздан 430-355 жыл-лары) тәрепинен жазылған. Демек, экономиканы жүргизиў, яғный экономикалық процесслерди басқарыў машқаласы менен адамлар әийемнен таныс болған.<br><br>**5) Микроэкономика –** жеке алынған шаңарақ, кәрхана, тармақ экономикасын үәретеди.<br><br>**6) Макроэкономика –** мәмлекет көлеминдеги экономиканы үйретеди. |
| **Сабаққа ажратылған саатты есапқа алған ҳалда сабақ өтиў этапларының схемасы. Сабақ өтиў этапының схемасы төмендегилерди өз ишине ҳәм келеси блокларды қамтыйды: кирисиў, теманы үйрениў(оқытыўшының мағлыўматы ҳәм оқыўшылардың өз бетинше жумыслары), баҳалаў, жуўмақ, үйге тапсырма.**<br><br>**Сабақтың схемасы:**<br><br>Сабақ 40 минутка мөлшерленген<br><br>**1.Оқытыўшының кирис сөзи –** 1 мин |

**2.Үйге тапсырмаларды сораў** -5 мин.

**3.Таза өтилетуғын теманы таныстырыў –**2 мин

**4.Таза теманы түсиндириў –** 10 мин

**5.Беккемлеў ушын интерактивли шынығыўлар(экономикалық**

**ойын өткериў «Сен экономиканы қаншелли билесең ?а») –** 15 мин

**6.Жуўмақлар шығарыў –** 5 мин

**7.Үйге тапсырма бериў -** 2 мин

**Сабақта өтилетуғын таза материалдың қысқа конспекти ҳәм оның интерактив бөлими:**

1. **Шөлкемлестириў бөлими**

**Сабақ темасы:** Экономика менен танысыў.

Кирисиў.

Тәбиятта таяр ҳалында нан, кийим-кешек, үй-жай ҳәт тағы басқалар жоқ. Инсан табиятта таяр ҳалында гезлеспейтуғын барлық нәрселерди өзи жаратыўға мәжбүр. Ол усы мақсетте тәбият қушағында экономика деп аталатуғын улкен хожалық-ты жүзеге келтиреди. Соңғылықта экономика хожалық жүр-гизиў системасы сыпатына-инсанның жасаўы ҳәм камал та-быўының бирден бир қуралына айналып қалған.

**Түсиниклер дизими:**

Экономика, экономика пәни, экономиканық қурамалық бөлеклери, экономикос, микроэкономика, макроэкономика

**Мазмунлы стандарт:**

Экономиканың ең тийкарғы қурамлық бөлеги – бул адам-лар болып табылады. Адам өз мийнети, ақыл-ойы арқалы экономиканы ҳәрекетке келтиреди, басқарады.

Экономиканың екинши қурамлық бөлеги – бул тәбият есапланады. Тәбият экономиканың шийка зат қоймасы болады.

Экономиканың үшинши бөлеги – қурылыс ҳәм имаратлар, завод ҳәм фабрикалар, жол ҳәм көпирлер, әспаб-үскенелер, машина ҳәм механизмлер ҳәм басқа бир қанша инсан қолы менен дөретилген нәрселерден ибарат болған жасалма орталық есапланады.

Экономиканың усы үш қурамалы бөлеклериниң биригиўи нәтийжесинде, экономикалық процесслер пайда болады.

Экономикалық процесслер төрт басқышта үтеди. Биринши басқышта, инсан зәрүрликлерин қандырыў ушын хызметететуғын өнимлер, яғный товар ҳәм хызметлер жара-тылады, ислеп шығарылады. Екинши басқышта жаратылған товар ҳәм хызметлер бөлистириледи. Кейинги басқышта олар алмастырылады ҳәм ақырғы басқышында пайдаланылады. . .

Экономиканы жүргизиў, яғный экономикалық процесс-лерди басқарыў машқаласы менен адамлар әийиемнен таныс болған. Грецияда еки мың жыл бурын «**Ekonomikos**» (аўдармасы «**үй хожалығын алып барыў өнери**»), деп аталған экономикаға байланыслы биринши китап Ксенофонт (эрамыздан бурынғы 430-355 жыллары) тәрепинен жазылған. «**Ekonomika**» (өзбек тилинде «иқтисодиет» сөзи усы китап атынан келип шыққан. Ҳәзирги ўақытта экономика пәни тек ғана бир үй хожалығын емес, ал пүткил бир мәмлекет ҳәтте дүнья хожалығын алып барыў жол-жобалары ҳаққындағы илим сыпатын-да түсиниледи.

Солай етип, экономика пәни – адамлардың экономикалық өнимлерди жаратыў процессиндеги искерлиги, өз-ара мүнәсебетлерин үйренетуғын пән екен. Заманогой экономика пәни микроэкономика ҳәм макроэкономика деп, аталатуғын бөлимлерге бөлинеди.

Микроэкономика – бул жеке алынған шаңарақ, кәрхана, тармақ экономикасын үйретеди. Макроэкономика болса мәмлекет көлеминдеги экономиканы үйретеди. Биз бул бөлимде микроэкономика менен танысыўдан баслаймыз.

## Сабақтың мақсети:

Оқыўшыларға дәслепки экономикалық әпиўайы терминлер менен танысыўға мүмкиншилик бериў. «Экономика», «Экономикос» терминлериниң келип шығыў дереклери менен таныстырыў. Экономиканың ең тийкарғы қурам бөлеклери ҳаққында, экономикалық процесслердиң төрт басқышы туралы, микроэкономика ҳәм макроэкономика сөзлериниң мәнислери менен оқыўшыларды таныстырыўдан ибарат.

## Сабақтың сыпатламасы:

Бүл сабақта оқыўшыларды тийкарғы экономикалық дәслепки түсиниклер менен, микроэкономикалық ҳәм макроэкономика арасындағы байланыс ҳәм айырмашылықлдар ҳаққында түсиниклер

бериледи.

**Талап етилетуғын ўақыт:** 1 сабак**.**

**Материаллар:** ойын «Сен экономиканы билесең бе?»

**Сабақ өткериў әмелияты:**

1. Таза материалды тусиндирин.

2. Буны ядта тутың!

- Экономикалық процесслер өндирис, бөлистириў, алмастырыў ҳәм тутыныўшылар басқышларынан ибарат болады.

- Микроэкономика – айырым алынған шаңарақ, кәрхана, тармақ экономикасын, макроэкономика болса мәмлекет көлеминдеги экономиканы үйретеди.

3. Өтилген теманы беккемлеў мақсетинде оқыўшыларға келеси «Билимиңизди сынап көриң» сораўлар дизбеги үйге тапсырма етип бериледи.

1. Экономика хожалықты жүргизиў системасында нелерден қурылған?

2. Экономика тәлийматы тарийхы ҳаққында қысқаша айтып бериң?

3. Экономикалық процесс басқышларын ҳәм бир мысал тийкарында оларды түсиндириң?

4. Ҳәр бир пухара экономиканы үйрениў турмыслық зәрүрлик екенлигин үш дәлил жәрдеминде дәлиллеп бериң?

5. Күнделикли турмыста экономикалық билимлер қашан ҳәм қандай жағдайларда керек болады?

6. Экономика қандай бөлимлерден қуралған? Олардың ҳәр бирин тәриплеп бериң?

**Жеделлестириўши сораў ҳәм тапсырмалар**

1. «Экономика» сөзин қалай түсинесиз?

2. Экономика нелерден дүзилген?

3. Экономиканың тийкарғы ўазыйпасы неден ибарат болыўы керек деп ойлайсыз?

4. Не себептен экономиканы үйрениў лазым?

5. Оқыўлықта берилген(8-бет) сүўретлерди көзден өткерип, ғәрезсизлик жылларында бой тиклеген, республикамыз экономикасының фундаментин қуратуғын өндирис кәрханалары ҳәм шолкемлерин санаң?

**Тестлердиң дурыс жуўапларын табың.**

**1. Экономиканы не себептен үйренемиз?**

а) Экономиканы билген адам жәмийетти жақсы түсинеди.

б) Экономиканы билген адам үнемшил болады.

д) Экономика менен адам жақсы исбилермен болады.

е) Экономиканы жақсы билген адам ақылға муўапық экономикалық қарарлар қабыл ете алады.

с) Жоқарыдағылардың ҳәммеси дурыс.

**2. Дурыс емес қатарды анықлаң.**

а) Барлық экономикалық системалар таңлаў машқаласына дус келеди.

б) Инсан руўхый талапсыз толық турмыс кешире алмайда.

д) Инсан шексиз маканда жасаўды, сол себепли экономикалық ресурслардың да шеги жоқ.

е) Инсан талапларының паяны жоқ.

с) Өндирис – бул экономикалық байлықларды жаратыў процесси болып есапланады.

**3. Экономиканың тийкарғы машқаласы – бул…**

а) Тәбийи ресурслардың шекленгенлиги.

б) **И**нсан зәрүрликлериниң шексизлиги.

д) Ресурсларды үнемлеп пайдаланыў.

е) Инсанның талапларын қанаатландырыў.

с) Инсанның шексиз таларларын қанаатландырыў зәрүр ресурслардың шекленгенлиги.

**4. Ҳәр қандай система алдында турған ең тийкарғы машқала – бул:**

а) Өндирис. б) Шекленгенлик. д) Тутыныў.

е) Бөлистириў. с) Алмасыў.

**5. «Не ушын, қандай ҳәм ким ушын ислеп шығарыў керек»** деген машқалаға қай жерде дус келинеди**.**

а) Тек ғана дәстүрий экономикада.

б) Тек ғана орайласқан режели экономикада.

д) Тек ғана базар экономикасында.

е) Ҳәр қандай экономикалық системада.

с) Тек ғана аралас экономикада.

а) Барлық экономикалық системалар таңлаў машқаласына дус келеди.

б) Инсан руўхый талапсыз толық турмыс кешире алмайда.

д) Инсан шексиз маканда жасаўды, сол себепли экономикалық ресурслардың да шеги жоқ.

е) Инсан талапларының паяны жоқ.

с) Өндирис – бул экономикалық байлықларды жаратыў процесси болып есапланады.

**Тесттиң дурыс жуўаплары: 1 – с, 2 – д, 3 – с, 4 – б, 5 – е.**

**Ойын сабақ өткериў бойынша төмендеги таблицаларда мысаллар берилген.:**

**Экономикалық билим тийкарлары пәнинен семинар сабағында талабалардың билимлерин тез анықлаў мақсетинде берилетуғын сораў-жуўап кестеси.**

| № | I.Таяныш сөзлер | № | II.Таяныш сөзлерге сәйкес келетуғын түсиниклер |
|---|---|---|---|
| 1. | Экономика | 1. | Қунға ийе болған, көзге көринетуғын ҳәм сезилетуғын нәрселер. |
| 2. | Экономикалық система | 2. | Сатыўшылар ҳәм қарыйдарлар ушырасатуғын орын. |
| 3. | Өндирис факторлары | 3. | Талап болған затларды ислеп шығарыўға кәрхананы хошаметлеў. |
| 4. | Товарлар | 4. | Экономикалық ҳәдийселерди анықлаў ҳәм алдынан айтыў ушын пайдаланады. |
| 5. | Базар | 5. | Не?, Қалай?, Ким ушын? деген сораўларға сәйкес тәризде жәмийетти шөлкемлестириў усылы. |
| 6. | Исбилермен | 6. | Қунға ийе болған, көзге көринбейтуғын ҳәм сезилмейтуғын нәрселер. |
| 7. | Шекленгенлик | 7. | Көпшилик жәмийетлердеги экономикалық системалар. |
| 8. | Хызметлер | 8. | Пайда алыў ушын тәўекел етиўши адам. |
| 9. | Еркин баҳа | 9. | Көпшилик адамлардың талапларын қандырыў ушын шийки затлардың жетиспеўшилиги. |
| 10. | Пайда алыў мотиви | 10. | Адамлардың талапларын ҳәм мүтәжликлерин қанаатландырыў ушын шекленген шийки затлардан қалай пайдаланыў ҳаққындағы пән. |
| 11. | Аралас меншик | 11. | Жер, мийнет, капитал ҳәм исбилерменлик. |
| 12. | Экономикалық модель | 12. | Товар яки хызмет алыў ушын уаз етилген(өзинен өтилген) нәрсе (баҳридан кечиладиган). |

Ескертиў: Талабалар өзлерине ажыратылған 5-10 минут ишинде таблицаның оң тәрепиндеги таяныш сөзлерге сәйкес келетуғын оң жақтағы түсиник сөзлерди таўып жазып бериўлери тийис.

**Экономикалық билим тийкарлары пәнинен «Өдирис факторлары ҳәм олардың қунлары» темасы бойынш семинар сабағында талабалардың өтилген теориялық материалларды өзлестириў дәрежелерин анықлаў мақсетинде берилетуғын сораў-жуўап** кестеси.

| № | I.Таяныш сөзлер | № | II.Таяныш сөзлерге сәйкес келетуғын түсиниклер |
|---|---|---|---|
| 1. | Аз санда, қәдирли. | 1. | Не ислеп шығарыў, қалай етип ҳәм ким ушын? |
| 2. | Экономикалық теория предмети-бул….. | 2. | Товар ҳәм хызметлер ислеп шығарыў тараўында пайдаланатуғын өндирис қураллары. |
| 3. | Микроэкономика | 3. | Адамлардың товар ҳәм хызметлер ислеп шығарыўда жумсалатуғын физикалық ҳәм ақлый қәбилетлери. |
| 4. | Макроэкономика | 4. | Әспаб-үскенелер, мийнет қураллары, машиналар жәрдеминде товар ҳәм хызметлер ислеп шығылыўшы шийки затлар. |
| 5. | Экономикалық машқалалар | 5. | Тәбий ресурслар(сурилетуғын жерлер, пайдалы қазылмалар, суў ресурслары ҳ.т.б.). |
| 6. | Экономикалық ресурлар | 6. | Еки өнимниң түрликомбинацияларын көрсетиўши иймеклик ҳәм ресурлардан толық пайдаланыў шәрт-шәриятлары. |
| 7. | Мийнет | 7. | Товар ҳәм хызметлерди сатып алыў ушын қурбан(ўаз) етилетуғын нәрсе. |
| 8. | Жер | 8. | Экономиканы бир путин система сыпатында анализ қылыўшы экономиканың бир бөлими болып, ол экономикалық сиясат мақсетлерин сәўлелендиреди ҳәм оны әмелге асырыў механизмлерин белгилейди. |
| 9. | Өндирис мүмкиншиликлериниң шегерасы | 9. | Жәмийеттиң шегерасыз финанслық мүтәжликлерин қанаатландырыў ушын зәрүр болған ресурлардың шекленгенлиги. |
| 10. | Альтернатив сарп-қәрежетлер | 10. | Өндирис тараўларын, фирмаларды, хожалықлардың экономикалық байланыслықларын ҳәм олардың ишки өндирис процесслериниң раўажланыў тенденцияларын анықлайды. |

## §2.2. Жуўмақлаўшы баҳалаўда билимлерин анықлаў ушын «ТЕСТ» сораўлар дизбеги.

**1. Экономиканың баслы мәселеси не?**

А) Өндиристи раўажландырыў

В) Шекленген ресурслардан өнимли пайдаланыў есабынан өсип баратырған мүтәжликлерди қанаатландырыўдың альтернатив жолларын табыў

С) Тутыныў буйымларын өндириўди көбейтиў

Д) Аўыл - хожалығын раўажландырыў

Е) Хызмет көрсетиў тараўларын раўажландырыў

**2. Экономикалық процесслерди қандай избе – изликте үйренеди?**

А) Тутыныў, алмасыў, бөлистириў, өндирис

В) Өндирис, бөлистириў, алмасыў, тутыныў

С) Өндирис, тутыныў, алмасыў, бөлистириў

Д) Бөлистириў, өндирис, тутыныў, алмасыў

Е) Алмасыў, өндирис, тутыныў, бөлистириў

**3. Ҳәрқандай байлықтың тийкарын мийнет қураўын экономикалық билимниң раўажланыўы басқышында қайсы ағым дурыс жуўап берген?**

А) Меркентализм ағымы В) Физиократлар ағымы

С) Классик сиясий экономика бағдары

Д) Марксизм ағымы Е) Марженализм бағдары

**4. «Сиясий экономия» сөзин биринши киргизген ким?**

А) Аристотель В) Беруний С) Катон Д) Монкретьен Е) А. Смит

**5. Базар экономикасының категорияларын толық көрсетиң?**

А) Талап ҳәм усыныс В) Базар С) Баҳа ҳәм талапкершилик

Д) Талап, усыныс ,базар, баҳа ҳәм бәсеке Е) Баҳа, бәсеке, базар

**6. Базар экономикасына өтиўдиң неше жолы бар?**

А) 5 В) 3 С) 2 Д) 1 Е) 4

**7. Базар экономикасының нызамларын толық көрсетип бериң?**

А) Талап нызамы В) Қун нызамы С) Бәсеке нызамы

Д) Усыныс нызамы Е) Талап, қун, бәсеке, усыныс нызамлары

**8. Экономиканың билим ҳәм илим сыпатында қәлиплесиўи қайсы дәўирге туўра келеди ?**

А) XI- әсирге В) XII – әсирге С) XIУ- әсирге

Д) XУI – XУII –әсирге Е) XУ - әсирге

**9. «Ҳәр қандай байлықтың атасы мийнет, анасы жер»- деген баҳалы пикирди ким тәрепинен айтылған?**

А) Платон В) Катон С) Монкретьен Д) У. Пети Е) Аристотель

**10. «Экономика» сөзи биринши рет ким тәрепинен киритилген?**

А) Конфуций В) Аристотель С) Ксенофонт

Д) Катон Е) Монкретьен

**11. Экономикалық теория атамасы қашан пайда болған?**

А) Қулшылық дәўиринде

В) Әйиемги адамзат жәмийети пайда болғаннан

С) Капиталистлик дәўирден

Д) XIX-әсирде яғный маржинализм ағымы дәўиринде

Е) Базар экономикасында

**12. «Шекли пайдалылық» теориясы қайсы ағым ўәкиллерине тийисли?**

А) Меркентализм В) Физиократлар С) Сиясий экономия

Д) Марксизм Е) Маржинализм

**13. «Экономикс» китабының авторлары ким?**

А) Уильям Пети В) Макконелл, Брю С.Л

С) С.Гулямов Д) Ш.Шодманов Е) А.Маршалл

**14. Не ушын XX әсирдиң ақырына келип «Сиясий экономика» пәни «Экономикалық теория» деген ат пенен үйрениле баслаған?**

А) Пәнди сиясатластырыў

В) Пәнди адамзатлық принциплерге муўапықластырыў

С) Пәнди сиясатластырыўдан азат етиў

Д) Пәнди жәмийетке бойсындырыў

Е) Еки себеби бар: В ҳәм С

**15. Экономикалық теория пәниниң хызметлерин толық көрсетиң?**

А) Болжаў хызмети В) Билиў хызмети С) Әмелий усыныслар бериў

Д) Болжаў, билиў, әмелий ҳәм методологиялық усыныс бериў

Е) Методологиялық

**16. Экономикалық пән сыпатында раўажланыў басқышында тийкарғы ағымларды көрсетиң?**

А) Неолибирализм, монетаризм институтционализм

В) Меркантализм, физиократлар С) Классик сиясий экономика

Д) Маржинализм, сиясий экономия, кейнсшилер ҳәм т.б

Е) Жуўаплардың барлығы дурыс

**17. Инсан мүтәжлилиги хаққында Орта Азия ойшылларынан ким биринширерден болып пикир айтқан?**

А) Ибн Сино  В) Фарабий  С) Абу Райхан Беруний

Д) А.Наўайы  Е) Ибн Холдун

**18. Пулдың келип шығыўы ҳәм ўазыйпалары ҳаққында Орта Азия ойшылларынан кимлер пикир айтқан?**

А) Фарабий  В) Беруний, Юсуп Ҳас Ҳожиб

С) А.Наўайы  Д) Ибн Сино  Е) Ибн Холдун

**19. «Сиясий экономия» сөзиниң мәнисин көрсетиң?**

А) «Ойкос»- үй хожалығы  В) «Номос» - нызам  С) Жәмийетлик пән

Д) «Ойкос» ҳәм «Номос» үй хожалығы ҳаққында нызам

Е) «Политикос» - «Ойкос» - «Номос» сөзлериниң жыйындысынан турады

**20. «Қайта ислеп шығарыў» теориясын биринши болып қайсы ағым ўәкиллери жаратқан?**

А) Меркանталистлер  В) Физиократлар  С) Классик сиясий экономистлер

Д) Кейнсшилер  Е) Монетаристлер

**21. Экономикалық нызамлар қандай ҳәрекет етеди?**

А) Объектив  В) Субъектив  С) Ҳәм субъектив, ҳәм объектив

Д) Тәбийғый нызамларға уқсас  Е) Жоқарыдағылардың ҳәммеси дурыс

**22. Орта Азияда жасаған қайсы ойшыллардың мийнетлеринде экономикалық пикирлер өз көринислерин тапқан?**

А) Фарабий, Ибн Сино  В) А.Наўайы, А.Тимур

С) Беруний, Юсуп Хас Хажиб  Д) Мырза Улығбек, Бабур.

Е) Жоқарыда аты көрсетилгенлердиң барлығы

**23. Экономикалық билимин раўажланыў басқышында қайсы ағымда «Байлықтың тийкары бул саўда сатық ҳәм сыртқы саўда» деп есаплаған?**

А) Меркентализм  В) Физиократлар

С) Классик буржуазия экономика мектеби

Д) Марксистлик теория  Е) Маржинализм

**24. Экономика теория пәниниң предмети бул......**

А) Мәмлекеттиң сиясатын тийкарлап бериў

В) Өндирис қатнасықларын үйретиў

С) Шекленген ресурсларды есапқа алыў жолы менен оннан пайдаланыў

Д) Адамлардың материаллық талапларын толығырақ қанаатландырыў мақсетинде шекленген ресурслардан нәтийжели пайдаланыў жолларын үйрениў болып табылады.

E) Шекленген ресурслар жағдайында шексиз талапларды қанаатландырыў мақсетинде материаллық байлықларды өндириў, бөлистириў, алмасыў ҳәм тутыныў процесинде жүзеге келетуғын өндирис қатнасларын, базар экономикасы жағдайында хожалықты нәтийжели жүргизиў жолларын үйретеди.

**25. Экономикалық теорияның экономикалық қубылысларды үйрениўде қолланылатуғын усыллары бул...**

A) Илимий абстракция, математикалық

B) Графикалық, статистикалық, экономика- математикалық моделлестириў.

C) Индукция- дедукция, анализ-синтез

Д) Тарийхы ҳәм логиканың бирлиги, диалектикалық

E) Жоқарыдағы көрсетилгенлердиң барлығы дурыс

## Жуўмақлаў.

Өзбекстанда болып атырған үлкен өзгерислер жаңа, дәслепкилеринен пүткиллей ажыралып туратуғын жәмийеттиң қәлиплесиўине байланыслы. Олар тикелей ҳәр бир адамның турмыслық мәплерин көзлеп, оның санасына жаңа экономикалық ҳәдийселер ҳәм процесслер ҳаққындағы түсиниклерди, олар арасындағы болып атырған байланыслардың себеплерин, нәтийжелерин билиўге мүмкиншилик жаратады. Экономика тек ғана қәнийгелер ушын емес, ал басқа тараўдағы адамларға, әсиресе колледж, лицей ҳәм мектеп оқыўшыларына да үйрениў объектине айналды. Бул оқыўшылар арасында, әсиресе лицей, кәсип-өнер колледж оқыўшыларына экономикалық әдебиятларға болған талап ҳәм қызығыўшылықтың артып баратырғанынан дерек береди.

Бул питкериў қәнийгелик жумыс экономиканың әҳмийетли тәрепи болған экономикалық раўажланыўдың тийкарғы ўазыйпалары, машқалалары ҳәм даўам етиў мәселелерине бағышланған болып, миллий хожалықты жеке система деп үйретеди. Мәмлекетимиздеги экономикалық сиясаттың тийкарғы мәселелерин ашып бериўге жәрдем береди ҳәм бул пәнди оқытыў методикасының мазмунын түсиндириўге жәрдем береди деп үмит етемиз.

«Экономикалық билим тийкарлары» пәни бойынша лицей ҳәм орта мектеплердеги ашылған қәнийгелестирилген банк классларында билимлердиң берилиўин-де Өзбекстан Республикасы Банклер Ассосациясы, Өзбекстан Республикасы Миллий банки ҳәмде институтлары тәрепинен ислеп шығылған бағдарлама тийкарында төмендегилер нәзерде тутылады:

- Ҳәрекет етип атырған экономикалық моделлер;

- Дүнья жүзлик экономиканық моделлер ҳәм Өзбекстанның ондағы интеграциясы.

Буннан басқа да, бул пәнди банк классларында оқытыў процессинде төмендеги талапларға жуўап бериў керек:

- оқыўшыларға билим бериўде олардың белсендилигин (активлигин) көтериў, ҳәр бир теманы толық, анық үйретиў;
- оқыўшыларға келешектеги қәнийгелиги бойынша терең билим, көнликпе ҳәм қәнийгеликлерди ийелеген кадрлар таярлаў ушын жоқары биоим беретуғын, усы пәнди терең өзлестирген оқытыўшылар менен тығыз байланыста болыў;
- «Экономика билим тийкарлары» пәнин оқытыўда заманагой, жақсы нәтийже беретуғын тәлим усыллары ҳәм формаларынан(исши ойынлар, сораў-жуўаплар, ситуациялық мәселелер шешиў, тест сораўлары) пайдаланыў;
- билим бериў процессинде заманагой аудиовизуал қураллар, компьютер программаларын қолланыў ҳәм интернет жаңалықлары менен танысып барыў;
- оқыўшыларға «Экономикалық билим тийкарлары» пәнин үйрениўге ҳәр тәреплеме қызығыўшылықты оятыў ушын кабинет системасын қолланыў арқалы, экономикалық билимлерге тийисли заманагой оқыў қураллары, көргизбели материаллар менен сабақлардың алып барылыўы мақсетке муўапық екенлигин усыныс етемиз.

## **Пайдаланылған әдебиятлар.**


**1.** Каримов И.А. Ўзбекистон иқтисодий ислоҳотларни чуқурлаштириш йўлида. Т. «Ўзбекистон» 1995, 270 бет.

**2.** Каримов И.А.Ўзбекистон: Миллий мустақил иқтисодиет. Сиесат, мафкура. 1—жилд. Т. «Ўзбекистон», 1996, 346 бет.

**3.** Каримов И.А. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. 2-жилд. Т. «Ўзбекистон», 1996, 380 бет.

**4.** Каримов И.А. Ватан – саждагох каби муқаддасдир. 4—жилд. Т. «Ўзбекистон», 1996, 386 бет.

**5.** Каримов И.А. Бунедкорлик йўлидан. 4—жилд. Т. «Ўзбекистон», 1996, 348 бет.

6. Гулямов С.С. и др. «Методы опреленения потребности отраслей народного хозяйства в специалистах с высшим образованием экономического профиля» Т.,Ташкентский ИНХ.1987 г.

8. Тәлим ҳаққында нызам «Өзбекстан» 1997 жыл.

9. Кадрлар таярлаў миллий дәстури. «Өзбекстан». 1997 жыл

10. Олий ва урта махсус, касб-хунар таълими педагоглари хамда рахбар ходимларининг малакасини оширишига куйиладиган ДАВЛАТ ТАЛАБЛАРИ ва тайергарлик йуналишлари буйича НАМУНАВИЙ ДАСТУРЛАР ТУПЛАМИ. Тошкент, 2000 йил.

11. Иктисодий билим асослари фанидан мажбурий стандарт йиларини утказиш юзасидан тавсийалар. Узб.Рес. халк таълими уазирлиги. Республика таълим маркази. Тошкент 2000

12. Д.Тажибоева Иқтисодиет назарияси. Т. «Шарк» 2003 й.

13. А.К.Матекеев, Ж.Матекеев Базар экономикасына кирисиў. Нөкис «Билим» 1998 ж.

14. К.Умаров ва бочкалар. Иқтисодиет назарияси. «Университет» 2002 й.

15. А.Кадыров М.Саидкаримов и др. Экономическая теория Т.1998

16. А.Улмасов Иқтисодиет асослари Т. «Мехнат» 1997 й.

17. Иқтисодиет назарияси. Ш. Ш Шодмонов, У. Гафуров, Тошкент «Фан ва технология», 2005 й..

19. Ситмуратов Т., Назарбаев О. басқалар. «Экономикалық теория» пәнинен оқыўлық Нөкис, ҚМУ, 2002.

20. Иқтисодиет назариясидан атомалар ва тушинчалар. Кадиров А. Т., 2000.

21. «Экономика бизнес тийкарлары» М. Маматов, Э. Сариков. Нөкис, «Билим» 1999.

22. «Экономикалық теорияҒ пәнинен лекция тексти. НМПИ Экономикалық теория кафедрасы оқытыўшылары. Нөкис 2006.
23. Е.Саридов, Б. Ҳайдаров.Экономикалық билим тийкарлары. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги орта улыўма билим береиў мектеплериниң 8-9 класслары ушын сабақлықлары. Ташкент. 2006 ж.
24. Е.Саридов, Б. Ҳайдаров, Ш.Саридов. Иқтисодиет ва бизнес асослари. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги орта улыўма билим береиў мектеплериниң 11- класс ушын сабақлық. Ташкент. 2004 ж.
25. Ю.Қ. Йўлдошев. Иқтисодиет назарияси. Ташкент. 2008 й.
26. Е.Саридов, Б. Ҳайдаров, Ш.Саридов. Иқтисодиет ва бизнес асослари. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги орта улыўма билим береиў мектеплериниң 11- класс ушын сабақлық. Ташкент. 2004 ж.

**Интернеттен пайдаланыўға мүмкин болған әдебиятлар дизими:**

**1. Новости Узбекистана. www.uzreport.com**
**2. «Жаҳон Банки» маълумотлари. www.wordbank.org**

**Internet – источники информации:**

1. www.stat.uz/index.htm сайт Государственного комитета РУ по статистике
2. www.gov.uz официальный правительственный сайт Республики Узбекистан
3. www.bankinfo.uz Информационный аналитический сайт Ассоциации Банков РУ и “Ахборот-рейтинг”: про финансовую и банковскую систему РУ
4. www.wbln0018.worldbank.org/ECA/Rus.nsf - сайт группы Всемирного банка